ЛIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу

2-нэ нап.

Гулъытэ ягъуэтын хуейщ

3-нэ нап.

Шеибжьэм и хъуреягъкIэ

4-нэ нап.

Зэныбжьэгъугъэм и шэсыпIэ мэхъу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№124 (24.874) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 14, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

Зыгъэгушхуэт, зыгъэлъапIэт

Налшык дэт МузыкэмкIэ театрым мэрем кIуам щекIуэкIащ Мэкъумэшымрэ абы къыщрахьэлIэжым щелэжьыж IэнатIэмрэ я махуэр гъэлъэпIэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэрагъэпэща зэхыхьэр.

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэм хэтахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

- Псом япэрауэ, сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фи махуэ лъапIэмкIэ сынывохъуэхъу! Мыр зыхуэгъэзар, зэрыгурыIуэгъуэщи, фэ, мэкъумэшым пыщIахэм, фи лэжьыгъэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр, фи IэнатIэм, еш жыхуаIэр фымыщIэу, фызэрыбгъэдэтым папщIэ пщIэ зэрыфхуэфащэр къыхэгъэщынырщ. Сыту жыпIэмэ, фи гуащIэрщ, зэрыщыту къатщтэмэ, ди къэралри дыщыпсэу республикэри ерыскъыпхъэхэмкIэ къызэзыгъэпэщыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм и гугъу щытщIкIэ, дэ, шэч лъэпкъ къытедмыхьэу, тхутегъэчыныхьынущ а унэтIыныгъэм иужьрей илъэсхэм хуабжьу зэрызыщиужьари езы республикэм и экономикэр зыIэт, ипэкIэ зыгъэкIуатэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ар зэращыщри. ТхужыIэнущ мэкъумэшым пыщIа лэжьыгъэр кIуэ пэтми Iэмэпсымэщ IэхэмкIэ, Iэмалыщ IэхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъур, щIым зэрелэжьыым, жылапхъэм я лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм щIэныгъэм и къэхутэныгъэщIэхэр щIэгъэкъуэн зэрыхуащIыр, щIым къытрахар щIымахуэм хъумэнри нэхъ тынш зэрыхъуар.

Зы илъэсым адрейр къыкIэлъыкIуэу, мэкъумэш IэнатIэм къитым и куэдагъми и фIагъми хэхъуэ зэпытщ. Гу лъывэзгъэтэнут: нэгъабэ и закъуэ ди республикэм щIым къытрахамрэ абы щыщу зэлэжьыжамрэ я уасэр сом меларди 110,7-м щхьэдэхащ. Ар 2023 гъэм къалэжьам нэхърэ процент 10-кIэ нэхъыбэщ.

Ди щIыналъэм хьэцэпэцэрэ джэш лIэужьыгъуэу щызэхуахьэсыжым и куэдагъри дызыгъэгуфIэщ. Абы хуэгъэзауэ къыхэгъэщыпхъэщ, нэгъабэ и закъуэ ди республикэм зи гугъу тщIы лIэужьыгъуэхэм ящыщу тонн мелуанрэ мини 148-рэ щызэхуахьэсыжащ.

IэщыхъуэхэмяIуэхури дызыгъэгушхуэщ. Гу лъытапхъэщ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIхэмкIэ къэрал псом япэ увыпIэ щызыIыгъахэм дазэрылъэщIыхьэжами. Апхуэдэу, жыг хадэхэм щагъэкI мы лъэпкъыгъуэхэм ящыщу нэгъабэ, псори зэхэту, щызэщIакъуэжам тонн мелуанрэ мин 27-рэ, нэгъуэщIу жытIэмэ, абы ипэ ита 2023 гъэм щызэхуахьэсыжам нэхърэ процент 30,7-кIэ нэхъыбэщ.

ЕрыскъыхэкIхэмрэ абыхэм елэжьыж промышленностым къыщIигъэкIымкIи ди Iуэху зытетыр арэзы дыкъэзыщIщ. Пэжщ, гъэ дызэрытым, гу зэрылъыфтащи, дунейм и щытыкIэм димыгъэгузавэу къэнакъым, и щIэдзэгъуэр уэтIпсытIу, кIэлъыкIуэ мазэхэр уэгъуу зэрыщытам къыхэкIыу. Ауэ, итIани, губгъуэм щылажьэхэм яхузэфIэкIащ гъавэ бэв, дызэримыгугъауэ, кърахьэлIэжыну.

А псом къыхэкIыуи тхужыIэнущ мэкъумэшым пыщIа ди IэщIагъэлIхэр, къикIуэт жыхуаIэр ямыщIэу, я лэжьыгъэм зэрыпэрытыр. Ар дэнэ къэна, ди щIыналъэм къыщагъэкI ерыскъыпхъэр зэрыфIым и нэщэнэу, къыщIэупщIэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. АтIэми, нобэ мыбдежым зи цIэ къыщыхэдгъэщынухэри ящыщщ а ехъулIэныгъэхэр зи фIыщIэу къэлъытапхъэм. Дауи, абыхэм пщIэ къалэжь, я IэнатIэм лъагъуныгъэу хуаIэмрэ Iэзагъэ ин яхэлъу зэрыбгъэдэтымкIэ. Мэкъумэшым пыщIа дэтхэнэри зыпэрытым щехъулIэну си гуапэщ, я зэфIэкIыр нэхъ лъагэж хъунуи сохъуэхъу!

Щхьэхуэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэзыгъакъуэу, къалэжьым щыщ абыхэм яхуезыгъашэхэм. Си фIэщ мэхъу псэзэпылъхьэпIэм Iуува ди щIалэхэм апхуэдэ гулъытэ яхуэзыщIхэр ди къэралым зэрыщыкуэдыр, зэпIэщIэувэныгъэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухынуми шэч хэлъкъым!

Нэрылъагъущ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щIыналъэхэм щиIэ и къудамэхэм, мэкъумэшым пыщIа и лэжьакIуэхэм зэрыхузэфIэкIкIэ зэрызащIигъакъуэри. Апхуэдэу, а къулыкъущIапIэм нэгъабэ и закъуэ экономикэм мы и IэнатIэм сом меларди 3-рэ мелуан 236-рэ хилъхьэфащ.

Урысей Федерацэм и Президентым къэралым и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм хуигъэува пщэрылъым тетщIыхьмэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм къыщрахьэлIэж-щыхэлэжьыхьыжым и куэдагъым процент 25-кIэ, абы щыщу нэгъуэщI хэкухэм ирагъашэм хуэдэ 1,5-кIэ хэдгъэхъуэн хуейуэ къытпэщылъщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар зэдгъэхъулIэн папщIэ, дэ сыт и лъэныкъуэкIи дыхущIэкъупхъэщ мэкъумэш IэнатIэм къыдитым нэхъри зэрыхэдгъэхъуэным.

Ауэ щыхъукIи, гу нэхъ зылъытапхъэу сэ къэслъытэр Iуэху бгъэдыхьэкIэм, иджырей мардэхэм къитIасэу, нэхъри зегъэужьынырщ, псыщIэгъэлъадэм зегъэубгъунырщ, жылэщIэхэр къэгъэкIынымкIэ лэжьыгъэм пыщэнырщ, щIэныгъэмрэ производствэмрэ нэхъри зэзышалIэ, гъунэгъу зэхуэзыщI лъэбакъуэхэр чынырщ. Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ ныбжькIэ щIалэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми ахэр къуажэм нэхъ дегъэхьэхынымкIэ хэкIыпIэу щыIэхэм лъыхъуэнми.

А псори зэдгъэхъулIэн папщIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, къуажэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, я теплъэр мардэщIэхэм хуэкIуэу къызэрыдгъэщIэрэщIэжыным нэхъри дыхущIэкъупхъэщ, къуажэдэсхэр я щыIэкIэпсэукIэкIэ къалэдэсхэм къазэрыкIэрымыхур зыхедгъэщIэн хуэдэу. А мурадым гъунэгъу дыхуэзыщI Iуэхугъуэхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ, илъэс бжыгъэ хъуауэ курыт еджапIэхэр, сабий садхэр, фельдшер-акушер IуэхущIапIэхэр зыхуей зэрыщыхуэдгъазэр, гъуэгухэр къызэрыщыдгъэщIэрэщIэжыр, спортым, щэнхабзэм телажьэ унэхэр зэрыщызэдгъэпэщыжыр, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу тщIымэ, щыпсэум и ныкъуэм нэблагъэр къуажэхэращ зыдэсыр. Ар къэтлъытэмэ, къэрал псом къыщаIэт мы Iуэхугъуэр зэгъэщIылIахэм дэри дащыщщ. Ауэ щыхъукIи, федеральнэ программэхэм япкъ иткIэ къэрахьэжьэ пэхуэщIэхэм къадэкIуэу, дэ езыхэми хэлъхьэныгъэ гуэрхэр хуэтщIыпхъэщ къуажэдэсхэм я гъащIэр нэхъри ефIэкIуэным.

Си фIэщ мэхъу, фызыбгъэдэт IэнатIэм, ерыщагъэ къыщывгъэлъагъуэу, фызэрыхуэпэжым, иджырей Iэмалхэр фи лэжьыгъэм къызэрыщывгъэсэбэпым къыхэкIыу, республикэм мэкъумэшым пыщIа и IэнатIэр экономикэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ унэтIыныгъэхэм ящыщ зыуэ адэкIи зэрыщытынур. Дэ, унафэщIхэм ящыщхэми, ди мурадщ зи гугъу тщIа мы Iуэхухэм теухуауэ сыт и лъэныкъуэкIи дяпэкIи дывдэIэпыкъуну.

Ныбжьэгъухэ! Сыт хуэдэ IэщIагъэри пщIэ зыхуэщIыпхъэщ. Ауэ, иджыри зэ къытызогъэзэжри, псом нэхърэ нэхъыбэжу гулъытэ вгъуэтын хуейщ щIым пыщIа лэжьакIуэхэм: гъавэгъэкIхэм, Iэщыхъуэхэм, жыггъэкIхэм. Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу иджыри зэ сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, фи унагъуэхэм берычэтыр илъыну, фи лэжьыгъэм къыпэкIуэм фыщыгуфIыкIыу илъэс куэдкIэ фыпсэуну! - жиIащ КIуэкIуэ.

ЗэIущIэм къыкIэлъыкIуэ и Iыхьэм республикэм и мэкъумэш IэнатIэм къыщыхэжаныкIахэм щIыхь тхылъхэмрэ фIыщIэ тхыгъэхэмрэ щратащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и тхьэмадэ Мусуков Алий, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн, район муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм.

УФ-м и Полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ Васильченкэ Дмитрий зыщыщ къулыкъущIапIэм и цIэкIэ къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фи махуэ лъапIэм теухуауэ. Фи лэжьыгъэр зыхуэдэм сэри сыщыгъуазэщ, илъэс 11-кIэ мэкъумэш IэнатIэм пыщIауэ сыщытащи. Аращи, сынывэхъуэхъуну сызэрыхуейр зыщ: шыIэныгъэ фхэлъыну, узыншагъэ быдэ фиIэну, ехъулIэныгъэр фи бэу, берычэтым фыщымыщIэу, ди щхьэщыгум ит дыгъэр мамырыгъэм къыхуепсу щытынырщ, - жиIащ абы.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и къэфакIуэ гупхэм ящыщу «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэм, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Теппеев Алим, Хьэкъул Оксанэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

МылъкукIэ зыщIагъакъуэ

Урысейм и Правительствэм щIыналъэхэм ящыщу 9-м узыншагъэр хъумэнымкIэ я IуэхущIапIэхэр зэрагъэпэщыжын, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iэмэпсымэхэр къащэхун папщIэ сом меларди 2-м нэблагъэ яхуиутIыпщынущ.

МЫЛЪКУР яIэрыхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ЛНР-м, Къалмыкъым, Мордовием, апхуэдэу Белгород, Запорожье, Ивановскэ, Курск, Херсон областхэм.

«А ахъшэм и фIыгъэкIэ «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» проектымкIэ яухуэхэр ягъэува пIалъэм хьэзыр ящIын хуейщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхухэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр Iэмэпсымэ лъэщхэмкIэ къызэгъэпэща, иджырей мардэхэм тет IуэхущIапIэхэм щагъуэтынущ», - жиIащ Мишустин Михаил.

Лъэмыжищ зэрагъэпэщыжынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Чернэ Речкэ - Благовещенскэ къуажэхэм я зэхуакум дэкI машинэ гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжым еплъащ.

КИЛОМЕТР 12,6-рэ зи кIыхьагъ мы гъуэгум дызэрыт илъэсым елэжьын щIадзащ, гъэ къакIуэ яухыну я мурадщ. Абы хеубыдэ Чернэ Речкэмрэ Джэдыкъуэ псыежэхымрэ ящхьэщыт лъэмыжитIымрэ Бахъсэныпсым зэпрыша, метри 123-рэ зи кIыхьагъ лъэмыжымрэ. А ухуэныгъэ псори хабзэкIэ зэрыщытыпхъэ мардэм нэсу зыхуей хуагъэзэнущ.

Лэжьыгъэм хеубыдэ гъуэгур занщIэ щIыныр, абы асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу телъхьэныр, шынагъуэншагъэм хуэгъэпсыныр. Бахъсэныпсым телъ лъэмыжым иджыри ар нэхъ быдэ зэращI Iэмал гуэрхэр ирахьэлIэнущ.

Урысейпсо мыхьэнэ игъуэтащ

«Джэдыкъуэ плъыжь» шы спорт IуэхущIапIэм КъБР-м и япэ президент КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэм и фэеплъу зэхаша, СНГ-м щыщ шуейхэмрэ шыхэмрэ щызэпеуа дунейпсо шыгъажэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ар къызэрыщыхъуамкIэ и интернет напэкIуэцIым цIыхухэм щадэгуэшащ.

«ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ шууеи 130-м нэс хэтащ, къэрали 10-м щIигъум къикIауэ. Ар Iыхьитху зэхэтт, зэпачын хуей гъуэгуанэм и кIыхьагъым елъытауэ: километр 20, 40, 80, 120-рэ, 160-рэ, - етх республикэм и Iэтащхьэм. - Ди хьэщIэхэр къезгъэблагъэри, зыхуагъэувыжа мурадхэм лъэIэсыну, ди республикэм зэрыщыIар фIыкIэ ягу къиизынэжын ехъулIэныгъэ зэхьэзэхуэм къахудэкIуэну сехъуэхъуащ.

Мыпхуэдэ шыгъажэ зэпеуэхэр 2015 гъэ лъандэрэ идогъэкIуэкI. 2022 гъэм ахэр КИФЩI-м епха зэхьэзэхуэ хъуауэ щытащ, илъэс кIуам щегъэжьауэ урысейпсо мыхьэнэ ягъуэтащ. Шыгъажэр къызэрагъэпэщащ Урысейм шы спортымкIэ и федерацэм, Бахъсэн щIыпIэ администрацэм, Мэзкуу областым хыхьэ «Отрада» шы спорт клубым.

ФIыщIэшхуэ гурэ псэкIэ яхузощI ар зэхэзышахэм, ди республикэм шы спорт унэтIыныгъэм зыщиужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми тхыдэкIэ къадекIуэкI шы Iуэхур къызэтенэным зэрызыщIагъакъуэм папщIэ».

● ПэкIу

Къэмыланджэу къалэным хуэпэжахэр

Милицэм и скверым деж щекIуэкIащ Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ пэкIу.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, и КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Казбек, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав, Урысей МВД-м и Краснодар университетым IэщIагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым (къудамэм) и унафэщI, полицэм и полковник Колиев Вадим, республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым, дин IуэхущIапIэхэм щыщхэр, ветеранхэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Апхуэдэуи абы хэтащ полицэм и кадет классхэм щеджэхэр.

ПэкIур яублащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэу хэкIуэдахэм я цIэхэр зырызыххэу кърaIуэнымкIэ.

Къуэшрокъуэ Залым къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- Нобэ пщIэ яхуэтщIу дигу къыдогъэкIыж я гъащIэм емыблэжу, лIыгъэ яхэлъу республикэр щIэпхъаджащIэхэм ящызыхъумахэр. Илъэс 20 ипэкIэ ахэращ кIуапIэ езымытар бзаджащIэ гупым. Ахэр сыт щыгъуи ди гум илъынущ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав жиIащ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым къарузехьэ IэнатIэхэм IэщэкIэ зэщIэуздауэ къатеуа щIэпхъаджащIэхэр убыдыным хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 35-м я гъащIэр зэрыщIатар.

- Ди щхьэр яхудогъэщхъ а гузэвэгъуэшхуэм хэкIуэдахэм, ди унэхэмрэ ди унагъуэхэмрэ тхуэзыхъумахэм. Нобэ дэ къыдгурыIуэ дунейр тIасхъэу зэрыщытыр, къарукIи псэкIи дызэкъуэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. А фIагъхэрщ ноби щIэгъэкъуэн къытхуэхъур ди Хэкумрэ абы щыпсэухэмрэ тхъумэным, я сэбэп зыхэлъхэр пхыдгъэкIыным теухуауэ. Ди хабзэхъумэхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжыну щыпсэущ дэ тщыщ дэтхэнэми и гум. Ахэр къэмыланджэу къалэным зэрыхуэпэжар къытщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхурехъу, - къыхигъэщащ Крючков Вячеслав.

Апхуэдэуи къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ республикэ ОВД-м и ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Пыхъ МуIэедрэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Зэбакъ Азэмэтрэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэу КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталийрэ благочиннэ Бобылев Валентинрэ хэкIуэдахэм Тхьэ яхуелъэIуащ.

ПэкIум къыщызэхуэсахэр, хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу, дакъикъэкIэ щымащ. ИтIанэ фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ/

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЛІыхъужьхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу

Совет зауэлІхэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Кавказым щыщызэтракъутар жэпуэгъуэм и 9-м тохуэ. Ди Хэкум и тхыдэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиІэ а Іуэхур федеральнэ законкІэ щІэгъэбыдэжащ. А махуэращ Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэхэр щиухар. Къэбгъэлъагъуэмэ, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм екІуэкІа зэпэщІэтыныгъэ нэхъ гуащІэхэм икІи нэхъ кІыхь дыдэхэм ар ящыщщ (1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щІидзэри, 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ зэуат).

А ІУЭХУМ теухуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и комитетым хэтхэр Тэрч районым зэрыщыІар. «Зы лъагапІэм къыщегъэжьауэ адрейм нэс: 510-нэ лъагапІэ, 910-нэ лъагапІэ, 2144-нэ лъагапІэ, 3500-нэ лъагапІэ» хэкупсэ Іуэхур Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуащ.

Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Тэрч районым и администрацэм и Іэтащхьэ Хьущт Аслъэнбий, депутатхэр, администрацэм, щІыпІэ унафэр зезыхьэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ жиІащ зэхыхьэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр Хэкур зэрыпхъуакІуэхэм ящызыхъума лІыхъужьхэм я фэеплъым пщІэ хуэщІыныр зэрыарар. Іуэхум пащэу, я мурадщ Хэку зауэшхуэм и зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым лІыгъэ щІапІэу щыта и лъагапІиплІым зэхуэсхэр щрагъэкІуэкІыну.

ЛъагапІэ цІэрыІуэм

1942 гъэм Курп лъагапІэхэм деж щыхэкІуэда совет зауэлІи 146-м я щІыхькІэ, депутатхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ фэеплъым. Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щыму щытащ зи гъащІэр Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щІэзытахэм я фэеплъым деж. Курп лъагапІэхэм километр 22-кІэ зэуапІэм зыщиубгъуат. Бийм и къару нэхъыщхьэмрэ и дзэ техникэмрэ абдеж щызэщІигъэуІуат, ауэ 317-нэ фочауэ гупыр лІыгъэ хэлъу абыхэм япэщІэтащ, уеблэмэ зэрыпхъуакІуэхэр къигъэувыІащ. Курп лъагапІэхэм щекІуэкІа зауэхэм Дзэ Плъыжьым и зауэлІ, офицер минхэм я щхьэ халъхьат.

Курп лъагапІэхэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм. 1943 гъэм абдеж щыщІадзащ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ирахужын, щІыналъэр щхьэхуит къащІыжын.

Дзэ ЩІыхьым и музейм

Іуэхум хэтхэр адэкІэ екІуэлІащ Курп Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапІэм. Школ пщІантІэм дэт фэеплъым тетхащ зауэм хэтахэм я унэцІэхэр, апхуэдэуи хэкІуэда зауэлІ 367-м я къуэшыкхъэри абдеж щыІэщ. ХьэщІэхэм зыщагъэгъуэзащ Іэщыж Лолэ и цІэр зезыхьэ, Дзэ ЩІыхьым и музейм. Абы и унафэщІ Шагъыр Мадинэрэ еджакІуэхэмрэ тепсэлъыхьащ 1968 гъэм лъахэхутэхэм ирагъэжьауэ Курп лъагапІэхэр зыхъумахэм я фэеплъыр уахътыншэ щІыным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм.

НыбжьыщІэхэр тепсэлъыхьащ зауэ зэманым я къуажэм щекІуэкІа гъащІэм, Іуэхухэм. Зауэм дэкІат цІыху 380-рэ, къэзыгъэзэжар 58-рэ къудейщ. Къыхагъэщащ Курп лъагапІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ нэхъ лъапІэхэм зэращыщыр. Мы зэманым школ музейм щахъумэ хьэпшып мини 3-м нэблагъэ.

- ХэкІуэдахэм я унагъуэхэм дазэрыпыщІар нобэми дгъэкІуэдыркъым. Ди музейм щІэлъхэм яхэтщ хэкІуэда лІыхъужьхэми къэзымыгъэзэжахэми я хьэпшыпхэр. Дэ Хэкур щхьэхуит къэзыщІыжахэм я фэеплъыр дыхуэсакъыу дохъумэ, - къыхигъэщащ Шагъыр Мадинэ.

Республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ Іэщыжым и цІэр зезыхьэ Дзэ ЩІыхьым и музейм. Егоровэ Татьянэ жиІащ къэралым и школ музей нэхъыфІ дыдэхэм хабжэ ІуэхущІапІэм и зэфІэкІыр егъэджакІуэхэмрэ я гъэсэнхэмрэ зэрафІыщІэр.

- Лэжьыгъэшхуэ зэгъусэу фощІэ. Мы музейр егъэджакІуэхэми еджакІуэхэми я лэжьыгъэшхуэм и Іэужьщ. Нобэ аргуэру зэ догупсысыж ТекІуэныгъэ Иным дызэрыхуэкІуа гъуэгуанэ хьэлъэм. Къыдгуроlуэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр, сыту жыпІэмэ тхыдэм и пэжыпІэр зэрахъуэкІыну, Совет цІыхубэм ТекІуэныгъэ Иным хэлъхьэныгъэ хуищІар щІахъумэну иужь итхэр щыІэщ. Тхыдэр зэрахъуэкІыну хэт къудейуэкъым, атІэ текІуэныгъэм зи гъащІэ щІэзытахэм я фэеплъыр зыгъэулъий Іуэхуущ къызэрыдгурыІуапхъэр. Аращ лэжьыгъэ евгъэкІуэкІым мыхьэнэшхуэ щІиІэр. ЩІэблэр хэкупсэу къызэрывгъэхъум папщІэ фІыщІэ фхуэтщІу, мы музейм художественнэ гъэфэщэ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и ЩІыхь тхылъыр, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентыр музейм телевизоркІэ хуэупсащ, зауэм теухуауэ зэхуахьэсыжхэр, лІыхъужьхэм я Іыхьлыхэм гукъэкІыж яІэхэр ирагъэтхмэ, ягъэлъэгъуэфын щхьэкІэ.

Егоровэ Татьянэ музейм и лэжьыгъэм зэрызрагъэубгъун чэнджэщ яритащ: зауэм хэтахэм я Іыхьлыхэм щапІыщІакІэ, я нэхъыжьым, я лІыхъужьым и лІыгъэм теухуахэр жрагъэІэж, абыхэм я гукъэкІыжхэр ирагъэтх зэрыхъунур.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ лІыхъужьхэм я фэеплъыр щІэблэм яхуэхъума хъуну къелъытэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым. Абы и гуапэу жиІащ музейм и хьэпшыпхэм и адэм, Егоров Борис Семён и къуэм, и сурэтри зэрыхэлъыр.

- Нобэ си адэм и ныбжьыр илъэси 110-рэ ирикъунут. Ар 1915 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къалъхуат. Зауэм и кІыхьагъкІэ ар пхыкІащ 317-нэ фочауэ гупым хэту, гвардием лейтенантт, топгъауэ взводым и унафэщІт. И лъахэм абы къигъэзэжащ 1946 гъэм, Японием ди дзэр текІуа нэужь. Дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщат: Вагъуэ Плъыжьрэ Хэку зауэ ордену тІурытІрэ медаль куэдрэ. ИкъукІэ си гуапэщ си адэм и фэеплъыр зэрыфхъумэр. Ар иджыри псэууэ лъыхъуакІуэхэм зыкъытхуагъазэри, и хьэпшыпхэр нэгъуэщІ школ музейм тІахауэ щытащ. Абыхэм яхэлъащ фэм къыхэщІыкІа и офицер сумкэри дамыгъэхэр къызэрыхуагъэфэща дэфтэр куэди. Сэри музейм зы хэлъхьэныгъэ цІыкІу хуэсщІыну сыхуейщи, си адэм и зауэ гъуэгуанэм теухуауэ стхыжа хъыбарыр зытет флэш-картэр къыфхуэсхьащ, нэхъ иужькІэ си мурадщ дамыгъэхэр къызэрыхуагъэфэщам и щыхьэт тхылъымпІэхэри къыфІэрызгъэхьэну.

- Ди музейм дэтхэнэ сабийми Іэмал щиІэщ блэкІам зыщыщигъэгъуэзэну, езыхэми къэралым и къэкІуэнур зэрелъытар щызыхащІэну. Шэч хэмылъу, нобэ къытхуэвгъэфэща дамыгъэм ди лъэр нэхъ жан ищІынущ, тхыдэ щІэиным нэхъыбэ щыгъэгъуэзэнымрэ фэеплъыр хъумэнымрэ адэкІи нэхъ жыджэру дригъэлэжьынущ, - жиІащ Курп Ипщэ къуажэм и курыт школым и унафэщІ Шэрий Раметэ.

Паспортхэр ират

НэгъуэщІ Іуэху дахи екІуэкІащ мы махуэм – Урысей Федерацэм и цІыхум и паспортыр иратащ Тэрч районым и курыт еджапІэхэм щІэсхэм. НыбжьыщІэхэм защыхуигъазэм, паспорт къыщрат махуэм Егоровэ Татьянэ жиІащ цІыхум и гъащІэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиІэр.

- ХуитыныгъэщІэхэмрэ жэуаплыныгъэмрэ къыдокІуэ мы дэфтэрым. Ар тхыдэшхуэ къызыдэгъуэгурыкІуэ ди къэрал лъэщым дызэрыщыщым и нэщэнэщ, фэ - ди щІэблэр - абы и къэкІуэнщ, - яжриІащ еджакІуэхэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым. - Дыхуейщ цІыху пэжу, захуэу, фи Хэкур фІыуэ флъагъуръэ ар нэхъ къаруушІэ хъуным фыхуэпабгъэу фыкъэхъуну. «Хэкум и цІыху хъужыр хэт? Ар Хэкум хуэфащэ къуэрщ» - жиІащ усакІуэшхуэ Некрасов Николай. Дэ дыщыгъуазэщ спортым, егъэджэныгъэм, жылагъуэ лэжьыгъэм ехъулІэныгъэ щывиІэхэм. Ахэр псори щІыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуэфщІ Іуэхущ. Нобэ къэралым куэд ещІэ щІэныгъэ куу фиІэн, лъэныкъуэ куэдкІэ зывужьын папщІэ.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ паспорт езыт депутатхэми езы зратхэми я дежкІэ жэуаплыныгъэ мы Іуэхум зэрыпылъыр зэрызыхащІэр.

- Псом хуэмыдэжу нобэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэм теухуащ - Кавказым папщІэ ирагъэкІуэкІа зауэхэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм я дзэхэр щызэхакъута махуэщ. Аращ ди щІыналъэм лъыгъажэ нэхъ гуащІэ щекІуэкІа мы щІыпІэм – Курп лъагапІэхэм – нобэ дыщІыщыІэр. Ди адэжьхэм щхьэхуитыныгъэр зэрахъумам и уасэр зыхэфщІэну, зыщывмыгъэгъупщэну дыхуейщ. Ди къэралым и тхыдэр лІыгъэрэ лІыхъужьыгъэкІэ гъэнщІащ. Иджыпстуи дзэ Іуэху хэхам ди щІалэхэм къыщагъэлъагъуэр хахуагъэщ, лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм, захуагъэм щІэзэуауэ, неонацизмэм пэщІэту. Дропагэ абыхэм, егъэлеиныгъэ лъэпкъи хэмылъу, ахэр ди лІыхъужьщ. ЛІыгъэ фхэлъу, Урысей Федерацэм фрицІыхуу зэрыщытым фригушхуэу фыкъэхъуну сынывохъуэхъу, - дыщІигъуащ къэпсэлъам.

ЕджакІуэхэм депутатхэм фІыщІэ хуащІащ къазэрыхуеблэгъам, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм зэрыщІагъэдэІуам папщІэ, апхуэдэуи ахэр къагъэгугъащ Хэкум хуэфащэ цІыхуу нэхъыжьхэм къащІэувэну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

Зи гъащІэр макъамэм тезыухуа

• ДифІ догъэлъапІэ

КъБР-м и цІыхубэ артист, Урысей Артиадэм и лауреат, тенор макъ лъэщ зиІэ уэрэджыІакІуэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым илъэс куэдкІэ щезыгъэджа Куэт Къанщобий ящыщщ щэнхабзэм лъагъуэ дахэ щыпхызышу зэфІэкІрэ ехъулІэныгъэкІэ псыхьа гъуэгуанэ бгъуфІэ макъамэм къыщызэзынэкІахэм. Зи илъэс 85-р зыгъэлъапІэ уэрэджыІакІуэ Іэзэм зрихьэлІэ лъэпощхьэпохэр къызэринэкІыурэ и хъуэпсапІэм лъэІэсащ.

КУЭТ Къанщобий Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Дзэлыкъуэкъуажэ 1940 гъэм къыщалъхуащ. КъызэрыгуэкІ адыгэ мэкъумэшыщІэ унагъуэщ къыщыхъуар. Я адэ Нащхъуэ колхозым и механизатор пашэу, я анэ Нури колхозым хэту зэдэлажьэу щытащ. И ныбжьыр мазий хъуа къудейуэ Хэку зауэшхуэм щІидзащ. Зи цІыкІущхьэр зауэм хиубыда дэтхэнэми хуэдэу, сабиигъуэ насыпыфІэ иІакъым, ауэ и адэ-анэм яхуэарэзыщ, зыщІэхъуэпс уэрэджыІакІуэ ІэщІагъэр зригъэхъулІэнымкІэ къызэрыдэІэпыкъуамкІэ.

Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапІэм и 6-нэ классым щІэсу я егъэджакІуэм «Цыжьбанэ» сабий уэрэд цІыкІур жиІэну пщэрылъ къыщыщищІым, гу лъитат ар зэрытхьэкІумафІэмрэ макъ зэриІэмрэ. Абы иужькІэ дзыхь къыхуащІащ зыхэт школ хорым и закъуэу уэрэдхэр щыжиІэну. Къуажэдэсхэм, и еджэгъуныбжьэгъухэм я пшыхьхэм ирагъэблагъэурэ уэрэдхэр жрагъэІэрт икІи абыхэм къыдэфэурэ я нэгу зрагъэужьырт. Апхуэдэурэ уэрэд жыІэным дехьэхри, абы хуеджэну мурад ещІ.

Курыт еджапІэ нэужьым Ленинград консерваторэм щІэтІысхьэну иужь ихьат, арщхьэкІэ музыкэ щІэныгъэ уимыІэу, нотэ умыщІэу абы укъащтэнутэкъым. 1957 гъэм Налшык Музыкэ училищэ къыщызэІуахащ. Школыр къыщиуха илъэсым ар ирихьэлІати, тІэкІу къыкІэрыхуауэ кІуами, абы и унафэщІ Хьэсанэ Мусэ къедаІуэри, къищтащ.

1961 гъэм КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и унафэкІэ, Хьэсанэ Мусэ Москва ешэ, Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ институтым Къанщобий щІегъэтІысхьэри, къегъэзэж.

Институтым щыхуагъэхьэзыр и курсхэм илъэситІкІэ щІэса иужь ят япэ курсым къыщащтэнур. Ауэ, уэрэд жыІэным апхуэдизкІэ и нэ къыхуикІырти, курситІым яджын хуейр зы илъэсым къриубыдэу зригъащІэщ, экзаменхэм пхыкІри, институтым щІэхуауэ къыжраІат, арщхьэкІэ и пІэкІэ нэгъуэщІ зыгуэр къащтауэ къыщІидзыжащ.

КъыкІэлъыкІуэ гъэм етІуанэ курсым мазищкІэ щеджауэ, бжьыхьэм дзэ къулыкъум ираджащ. Комиссэм хэт полковникым зыхуигъазэри жриІащ консерваторэм зэрыщеджэр икІи елъэІуащ Москва округым уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым хигъэхьэу дзэ къулыкъур ирыригъэхьэкІыну. АрщхьэкІэ Владимир къалэм и танк полкым и курсанту мазиблкІэ еджакІуэ игъэкІуащ. МазиплІкІэ еджауэ, Москва и дзэ округым и нэхъыщхьэм и унафэ къэкІуащ Москва и дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым зэрыхагъэхьэм теухуауэ. Апхуэдэу и тхылъыр кърагыжри Москва игъэзэжащ икІи ансамблым и уэрэджыІакІуэу илъэсрэ ныкъуэкІэ къулыкъу ищІащ. Абы къриубыдэу Совет Союз псом концертхэр щатащ, я нэгу зрагъэужьу. 1965 гъэм дзэ къулыкъур щынигъэсым, институтым игъэзэжри, щагъэхьэзыр етІуанэ курсым щІэтІысхьэжащ. Дзэм къыщикІыжа 1965 гъэм Москва илъэситху – илъэсищкІэ дзэм, илъэситІкІэ подкурсым – щигъэкІуат. А гъэм япэ курсым щІэтІысхьэн хуейти, еджапІэм и ректор Муромцев Юрий ириджэри къыжриІащ КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм зэрыгурыІуа илъэситху пІалъэр зэрикІар. Абы къыхэкІыу къыхуигъэлъэгъуат псори зэрыщІэтІысхьэм хуэдэу экзаменхэр итыну. Арэзы хъуащ, и щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хигъэхъуэным ехьэлІа Іэмалхэр къызэригъэсэбэпар къыхуэщхьэпауэ къилъытэрт, и къарум къигъэгугъэрти. 1966 гъэм институтым щІэхуащ.

Ар къыщиухым диплом лэжьыгъэу ягъэхьэзырар Верди и «Бал-маскарад» оперэрати, абы щигъэзэщІащ партие нэхъыщхьэр – Ричард и ариер. Къиицынэмыщlауэ, жиlащ Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэм хэт Джэримэс и ариер, Моцарт и «Волшебная флейта» оперэм щыщ пычыгъуэ нэмыцэбзэкІэ, нэгъуэщІхэри. КъэпщытакІуэхэм а лэжьыгъэхэр абы къехъулІауэ къалъытащ. Къыщаухым ираджэри, дэнэ щІыпІэ щылэжьэну хуейми къеупщІащ, сыту жыпІэмэ езыр-езыру зэрыщІэтІысхьам апхуэдэ хуитыныгъэ къритырт. Абы и жэуапыр кІэщІт - къыщалъхуа щІыналъэм: Налшык Музыкэ театр 1968 гъэм къыщызэІуахати, и щІэныгъэр къыхуэгъэсэбэпынут. Апхуэдэу 1971 гъэм къэкІуэжащ.

- Сыщеджа институтым и цІэр зезыхьэ Гнесинхэр зэшыпхъуищрэ зы дэлъхурэ хъухэрт. ЯпэщІыкІэ абыхэм классибл, къыкІэлъыкІуэу классипщІ школхэр, итІанэ училищэ, иужьым консерваторэ къызэІуахащ. ЕджапІэм сыщІэсу дзэм сыщраджам, зэдэлъхузэшыпхъухэм ящыщ Еленэ иджыри псэут. Ар институтым и художественнэ унафэщІт икІи абы щыпсэурт, и лъакъуэр къыдэмыбзыжми, коляскэм ису концерт залышхуэм яшэрт, фортепианэм хуригъаджэрт. Си егъэджакІуэ Першинэ Валентинэ Еленэ и деж сигъэкІуат, дзэм сызэрыраджэр жесІэу сэлам есхыжыну. Къулыкъу нэужьым къыщызгъэзэжами, Еленэ и деж сыкІуащ фІэхъус есхыну. «Деточка, тебя, наверное, сняли с довольствия, ты, наверное, голоден!» - жиІэу сомищ къызэрызитар сигу къинэжащ. Апхуэдэхэм деж уегупсысыркъым армыхъумэ, а сомищыр Гнесинэ Еленэ и фэеплъу схъумэн хуеящ. ЕплІанэ курсым сыщІэсу ар дунейм ехыжащ икІи иужьрей гъуэгуанэм щытрагъэувэжым, Бахрэ Гунорэ я «Аве Мария» ариер жысІэну дзыхь къысхуащІащ, - игу къегъэкІыж Къанщобий.

ЕплІанэ курсым щІэсу, союзпсо радиом и зэпеуэм пхыкІри, институтым щыщеджа иужьрей илъэситІым абы щылэжьащ, штатым хэмыту. Рахманинов Сергей, Свиридов Георгий, Римский-Корсаков Николай, Чайковский Пётр сымэ я романсхэр жиІэурэ нэтынхэр ягъэхьэзырырт.

1971 гъэм Налшык къыщыкІуэжам, Локъуэ Марие Музтеатрым и унафэщІт, Теувэж СулътІанрэ ШэрыІужь Анатолэрэ режиссёр нэхъыщхьэт, Поповэ Марие дирижёр нэхъыщхьэт. Театрым щылажьэрт Къанщобий япэ зы илъэскІэ институтыр къэзыухыу къэзыгъэзэжахэу Дэбагъуэ Хьэсэн, Жанатаев Исмэхьил, Бэгъуэтыж Светланэ сымэ. 1970 гъэм ягъэуват Верди и «Травиата» оперэр. Абы и партие нэхъыщхьэр - Альфред и ариер - чэзууэ Бэрэгъун Владимиррэ Дэбагъуэ Хьэсэнрэ, Виолеттэ и ариер - Бэгъуэтыж Светланэрэ Асадуллаевэ Любэрэ ягъэзащІэрт. 1971 гъэм Штраус и «Летучая мышь» опереттэр ягъэуващ. КъыкІэлъыкІуэ гъэм абы хагъэхьащ, Альфред и ариер игъэзащІэу. «Травиата» оперэми Альфред и партиер Дэбагъуэ Хьэсэнрэ абырэ чэзууэ къалъысащ.

Куэт Къанщобий институтым къикІыжат оперэ партиеу зыбжанэ зригъэщІауэ: Верди и «Травиата» (Альфред и ариер), «Риголетто» (Герцогым и ариер), Бизе и «Налкъут къэзылъыхъуэхэр» (Надир и ариер), Чайковскэм и «Евгений Онегин» (Ленский и ариер), нэгъуэщІхэри. Ауэ театрым опереттэхэри щагъэувырт. Оперэм зи макъыр хуэгъэпсам япэщІыкІэ ар тІэкІу къегугъуэкІами, иужькІэ абыи зригъэсэжащ.

1973 гъэм Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэу Ерчэн Леонид ягъэкІуащ. Абы игъэуващ Бизе и «Налкъут къэзылъыхъуэхэр» оперэр. Партие нэхъыщхьэр – Надир – Къанщобий и закъуэ къыхуагъэфэщащ, Лейлэ и партиер Бэгъуэтыж Светланэрэ Асадуллаевэ Любэрэ, Жанатаев Исмэхьил, Сибэч Хьэчим, Мэкъуауэ Мулид сымэ – Зугар и партиер чэзууэ ягъэзэщІащ. Мейтус и «Молодая гвардия» оперэм и партие нэхъыщхьэри (Тюленин Сергей) Ерчэным аращ зритар. КъыкІэлъыкІуэу Рахманиновым и «Алеко» оперэм хэт тенор партие нэхъыщхьэр (Молодой цыган) игъэзэщІащ.

Я гупыр зэдэлажьэрт зы унагъуэшхуэм хуэдэу, нэхъыжь-нэхъыщІэ, пщІэнэмыс я зэхуаку дэлъу. Япэ ита, щапхъэ яхуэхъуа я нэхъыжьыфІхэм ящыщщ Дэбагъуэ Хьэсэн, ПащІэ Ахьмэд, Мэкъуауэ Мулид, Щэбэтыкъуэ Натбий, Бекъул Леонид сымэ.

1994 гъэм Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым и ректор Рахаев Анатолий студентхэр уэрэд жыІэным хуригъэджэну Куэт Къанщобий щригъэблагъэм, куэдрэ мыгупсысэу арэзы хъуащ. И гъэсэнхэм ящыщщ Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Къардэн Радик, урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуа, институтыр диплом плъыжькІэ къэзыухыу Москва Гнесинхэ я академием и аспирантурэм зи щІэныгъэм щыхэзыгъэхъуа Дзыгъуанэ ФатІимэ, «КъШР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща абазэ щІалэ Мэремкъул Очар. Апхуэдэщ удэзыхьэх макъ дахэ зиІэ Верескуновэ Иннэ. И гъэсэнхэм ящыщщ Кисловодск щылажьэ, уэрэджыІакІуэ Іэзэ Сёминэ Ольгэ. Гуапэ щымыхъуу къанэркъым ахэр махуэшхуэхэм телефонкІэ къызэрыпсалъэр, нобэр къыздэсым зэрызэрыщІэр. Ар институтым зэрыщылэжьа илъэс 25-м къриубыдэу и нэІэ зытригъэта, гъуэгу зрита щІалэгъуалэм я егъэджакІуэр ящыгъупщэркъым.

Куэт Къанщобий и Іэдакъэ къыщІэкІащ Музыкэ театрым и тхыдэм, и зыужьыныгъэм, Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр Щоджэнцlыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэр и лъабжьэу итха либреттэм къытращІыкІыу композиторхэу Къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ зэдатха «Мадинэ» оперэм къыхэщ лІыхъужь нэхъыщхьэ Заур и шыфэлІыфэмрэ и утыку итыкІэмрэ ехьэлІа лэжьыгъэ щхьэпэхэр. «Становление и развитие Кабардино-Балкарского государственного музыкального театра» (2012 гъэ), «Музыкально-сценический образ Заура в опере Мухадина Балова и Хасана Карданова» (2012 гъэ) тхыгъэхэр институтым пщэрылъ къыщищІа, и лэжьыгъэхэр щызэхуихьэсыжа къыдэкІыгъуэщ. Абыхэм къыщигъэлъэгъуэжащ театрым къикІуа гъуэгуанэ дахэр, уэрэджыІакІуэхэм, режиссёрхэм, дирижёрхэм я лэжьыгъэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

Артистым и ІэнатІэм зэфІэкІрэ ехъулІэныгъэрэ щызыІэригъэхьэныр куэдкІэ елъытащ и Іуэхухэр и щІыб къыдэт унагъуэм къызэрыдиІыгъым. Гурэ псэкІэ къыхиха ІэщІагъэм илъэс 50-м щІигъуауэ зэрыхуэпэжымрэ абы къыпэкІуа пщІэмрэ тепщІыхьмэ, абы и гъащІэр макъамэм триухуащ.

- Пэжщ, цІыхум, псом хуэмыдэу махуэ къэс утыку ит артистым, и лъэр щІэзыгъэкІыр, и гукъыдэжым хэзыгъахъуэр и унагъуэрщ. Нэхъапэм мазэ бжыгъэкІэ Урысейм концертхэр щытту гъуэгу дытету щытащ. Абы и лъэныкъуэкІэ сахуэарэзыщ унагъуэ жьэгум и хъумакІуэ си щхьэгъусэ Светланэ, сыт щыгъуи си дэІэпыкъуэгъу ди щІалэмрэ хъыджэбзымрэ. Ибрэхьим и ІэщІагъэкІэ инженер, ФатІимэ – экономистщ.

Илъэс 85-рэ хъуа Къанщобий щолажьэ и псэм хуихь Музыкэ театрым. Аракъэ насып жыхуаІэр?! ФІыуэ плъагъу ІэщІагъэм уи гъащІэ гъуэгуанэр кІыхь ищІу къыщІэкІынущ.

Республикэм и щэнхабзэм зиужьыным, абы зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэ хуэгъэсэным теухуауэ хузэфІэкІ къэзымыгъэна Куэт Къанщобий узыншагъэ иІэу иджыри куэдрэ лэжьэну дохъуэхъу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

УФ-м и Компартым къыщзэригъэпэща «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщІ Къурашэ ФатІимэ, УФ-м и Компартым и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарь Мыз Мурат, къэралым и комсомол-пионер зэщІэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ ІэнатІэм и унафэщІ Урысбий Еленэ сымэ «Диалог эпох» зыфІаща пэхуэщІэм ипкъ иткІэ зэхаша зэІущІэм, жэпуэгъуэ мазэр зи ныбжь хэкІуэтахэм зэрыхухахар я тегъэщІапІэу, иджыблагъэ зэхыхьэ щхьэпэ ирагъэкІуэкІащ.

Нэхъыжьыфlхэм папщІэ

• Зауэм и бынхэр

ХЭКУ зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди къэралым къиизэрыхьа хьэщхьэрыІуэхэр изыхужыну тэджа адэ-анэхэр, къуэш-шыпхъухэр зыпэрыта ІэнатІэ мытыншыр зезыхьэну къызыхуихуа ди цІыхухэм ящыщу псэууэ къэнахэм пщІэ щыхуащІ зэІущІэм кърагъэблэгъат УФ-м и Компартым ди щІыналъэм щиІэ къудамэм и япэ секретарь Пащты Борис, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Шыдакъ Женя, «Заман» газетым и редактор, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм щІыхь зиІэ и журналист Османов Хьиса сымэ, нэгъуэщІхэри.

«Зауэм и бынхэр» зэгухьэныгъэм хузэхалъхьа уэрэдымкІэ зэІущІэр къызэІуахащ Гъэунэ Дианэрэ Бондарь Алинэрэ. Къызэхуэсахэр абы ядежьууащ щыту.

Къурашэ ФатІимэ зэІущІэр къыщызэІуихым кърагъэблэгъахэм псалъэ дахэкІэ захуигъэзащ.

- Ди нэхъыжьыфІу фІыр зи Іэужьхэм фшэча хьэзабымрэ флъэгъуа бэлыхьымрэ зэи тщыгъупщэ мыхъун Іуэхущ. Фи жьауэм дыщІэту, фи ущием дедаІуэу, куэдрэ ди япэ Тхьэм фригъэт. Зэхыхьэр къызэдгъэпэщын папщІэ сэбэп къытхуэхъуахэми, нэхъыжьыфІхэр вдэдгъэлъэпІэнщ жызыІэу зыкърезыгъэхьэлІахэми, псоми фІыщІэ фхузощІ, - жиІащ Пащты Борис.

- Сыхуейщ фІыщІэ фхуэсщІыну, Хэку зауэшхуэр щекІуэкІа илъэсхэм гъащІэм и ІэфІыпІэр фымылъагъуу, фи псэ фемыблэжу, гугъуехьи гуауи фыпэщІэту, сабиигъуэр зищІысыр фымыщІэу, зауэм щыІа фи Іыхьлыхэм къыщагъэзэжыным фыпэплъэу, абыхэм къагъэна лэжьыгъэ мытыншым фызэрыпэрытам папщІэ. КъэфкІуа гъуэгуанэм щыфлъэгъуар, вгъэунэхуар зыхуэдэр ди щІэблэм яжетІапхъэщ, ди блэкІам ахэр щыдгъэгъуэзапхъэщ. Флъэгъуар фщымыгъупщэу, фи бынхэм фагъэгуфІэрэ гуфІэгъуэр фи унагъуэм имыкІыу Тхьэм фигъэпсэу! - жиІащ абы.

АдэкІэ псалъэ иратащ Мыз Мурат.

- Нобэ мыбдеж щыдгъэлъапІэ ди нэхъыжьыфІхэр фыщысабиям, фи адэхэр, фи къуэш нэхъыжьхэр зауэм кІуэуэ, ахэр зыбгъэдэта ІэнатІэм фыщыпэрыувам, гугъуехьрэ хьэзабу фшэчам щІэи гъуни иІэкъым. Фэ фи къарур пэлъэщыху, мамырыгъэм, зыужьыныгъэм фытелэжьащ. Иджы чэзур ди деж къэсащи, фи гуащІэдэкІым хэдгъахъуэу, адэкІэ дгъэкІуэтэныр ди къалэн нэхъыщхьэу къыдолъытэ. А псори къытщІэхъуэ щІэблэм зыхедгъэщІэн хуейщ, я блэкІар ящІэжу, гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъу, нэхъыжьхэм я Іэужьым пщІэ хуащІу, я Хэкур фІыуэ ялъагъуу къэтэджын папщІэ. ФІыщІэ ин зыхуэфащэ ди нэхъыжьыфІхэр иужьрей илъэсхэм нэхъ мащІэ зэрыхъуми Іейуэ дегъэгумэщІ. «НэхъыжьыфІ здэщыІэм нэхъыщІэфІи щыІэщ» жыхуиІэраши, дыхуейт нэхъыбэрэ фыкъытщхьэщытыну, фи жьауэм дыщІэтыну. Тхьэм куэдрэ фытхуигъэпсэу, фи бынхэм я гуфІэгъуэ флъагъуу, узыншагъэрэ гуфІэгъуэрэ фыщымыщІэу, - жиІащ Мызым.

Зэхыхьэм къекІуэлІа нэхъыжьхэмрэ и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ фІыщІэ яхуищІри, Османовыр зи ныбжьыр хэкІуэтахэм папщІэ яхузэхилъхьа усэм къеджащ.

Нэхъыжьхэм щхьэкІэ къыздахьа, «Зауэм и бынхэр» зытет медалхэр кърагъэблэгъахэм, зырызыххэу я цІэ кърaІуэурэ, халъхьащ.

Налшык къалэ дэт курыт школ №11-м щІэсхэмрэ «Ислъэмей» къэфакІуэ гупым хэтхэмрэ зэдагъэхьэзыра концерт цІыкІумкІэ зэІущІэр зэхуащІыжащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Таджикистан Республикэм и УнафэщІ Рахмон Эмомалирэ Душанбе къалэм щызэхуэзащ. ЛІыщхьэхэр тепсэлъыхьащ къэралитІым я зэхущытыкІэхэм, адэкІэ зэрызэдэлэжьэнум.

ПУТИН Владимир къыхигъэщащ унэтІыныгъэ псомкІи, зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмри хэту, зыужьыныгъэ хъарзынэхэр зэраІэр. «Сату ІуэхухэмкІэ ди къэралыр Таджикистаным и ІуэхущІэгъу нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, республикэм щылажьэ инвестор пажэщ. Урысейр уи дзыхь зэбгъэз хъуну къэралщ икІи абы дрогушхуэ», - жиІащ Президентым. Къэралхэм я сату-экономикэ зэпыщІэныгъэм псынщІэу зеужь, 2030 гъэм ирихьэлІэу хьэпшып зэрагъэкІуэкІхэм я куэдагъым хуэдэ 2,5-кІэ хагъэхъуэну я мурадщ.

Урысейм и Президентым жиІащ 1993 гъэм зэращІылІа Зэныбжьэгъугъэ зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа псори Москварэ Душанберэ зэрагъэзащІэр. Азие Курытым и зэпІэзэрытыныгъэм Урысейми и гуащІэ хелъхьэ, Таджикистаным щыІэ 201-нэ дзэ базэр щІыналъэм и шынагъуэншагъэ щытыкІэм и шэсыпІэщ.

Таджикистаным и УнафэщІым Урысейм фІыщІэ къыхуищІащ урысыбзэмкІэ егъэджакІуэхэр гъэхьэзырынымкІэ, сабий зэчиифІэхэм я центр ухуэнымкІэ Урысейр дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуам папщІэ. «Ди Іуэху еплъыкІэхэр зэтехуэу, дызэгурыІуэу дызэрызэпсэлъар и щыхьэтщ Таджикистанымрэ Урысеймрэ зэхущытыкІэфІхэр яку зэрыдэлъым, - жиІащ Рахмон Эмомали. - НаІуэ къэхъуащ унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ политикэ зэпыщІэныгъэхэм зэрыпытщэнур».

Жэпуэгъуэм и 14, *гъубж*

♦**Пщалъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и мэкъуэдыхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1964 гъэм** Брежнев Леонид КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу ягъэуващ.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Темрокъуэ Риммэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 15, *бэрэжьей*

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ТекІуий Анатолэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Абхъазым и цІыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ІутІыж Борис**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ПщэдджыжьхьэщІэ гъэхьэщІэгъуафІэщ.

ЦІыхубэм ягу дыхьэу

● Фэеплъ

УФ-ми КъБАССР-ми щІыхь зиІэ я артист, Абхъаз Республикэм и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгейми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, режиссёр, уэрэджыІакІуэ, усакІуэ, тхакІуэ, драматург, егъэджакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Мысостышхуэ Пщызэбий Зэбэч и къуэр псэужамэ, жэпуэгъуэм и 15-м илъэс 90 ирикъунут.

МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий 1935 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Аруан щІыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Зэрысабийрэ актёр ІэщІагъэм дихьэх щІалэр курыт еджапІэм щыщІэсми жыджэру щыджэгурт я къуажэгъу Црым Тобий къызэригъэпэща гупым. Мысостышхуэр зыдэплъеин артист куэд я жылэм къыдэкІат. Апхуэдэщ абы щапхъэгъэлъагъуэ хуэхъуахэу Болэ Мурат, Жыгун Тимэ, Сонэ Мухьэрбий сымэ. ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ артист пажэм и цІэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ абы и тхыдэм. Москва дэт ГИТИС-м актёрхэр щагъэхьэзыр и факультетымрэ режиссёр курс нэхъыщхьэхэмрэ 1958 гъэм ехъулІэныгъэкІэ къиухыу къигъэзэжа нэужь, режиссёр ІэщІагъэри а еджапІэм щызэзыгъэгъуэтыжа Мысостышхуэ Пщызэбий и гъащІэ псор ирипхат адыгэ театрым хуэлэжьэным.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкІэ лэжьащ ар. Щхьэхрэ ешрэ зэримыщІэм къыхэкІыу зыпэрыт ІэнатІэм ар фІыуэ щехъулІэрт, зэфІэкІ ин щиІэт. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Пщызэбий щигъэува спектаклхэм яхэткъым театреплъхэм ягу нэмыса. Апхуэдэу зыр адрейм зэран хуэмыхъуу абы хузэфІэкІащ режиссёрым и къалэнри актёр лэжьыгъэри зэдихьыну. Абы игъэува спектаклхэм ящыщщ ЩоджэнцІыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Ширван-заде Александр и «Жин фІыцІэ», Мольер Жан-Батист и «Залымыгъэкlэ ягъэІэзэ», Хугаев Георгий и «Андрорэ Сандрорэ», Шамхалов Мэжид и «Гуащэ», Теппеев Алим и «Уи нэху» спектаклхэр.

Мысостышхуэ Пщызэбий и зэфІэкІыр пасэу, ГИТИС-м и адыгэ студием щеджэхэм Мольер и «Жорж Данден» пьесэм къытращІыкІа спектаклыр я диплом лэжьыгъэу щагъэхьэзырым, къэнэІуат. Мысостышхуэм къылъысат унэІут нэжэгужэ, Іэмалшы Любен и ролыр. Студент-артистым гъуэзэджэу къигъэлъэгъуэн хузэфІэкІащ Іуэхур щекІуэкІ зэманкІи зи гугъу ищІкІи апхуэдизу тпэІэщІэ Франджым щыпсэу унэІутым и образыр. Зи псэукІи, зи дуней тетыкІи, зи хьэл-щэни игъащІэм умылъэгъуам и сэфэтым апхуэдэу уихьэн папщІэ, зэфІэкІышхуэ уиІэн хуейт.

Ар зэрызэфІэкІышхуэм и щыхьэтщ 1957 гъэм Къэбэрдей литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэр Москва щекІуэкІыу а спектаклыр ягъэлъэгъуа нэужь, Мольер и лІыхъужь ныбжьыщІэм и образыр нэхъыфІу зыгъэзэщІахэм Мысостышхуэр зэрыхабжамрэ зи ныбжьыр илъэс 22-м ит студент щІалэм 1958 гъэм «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ» медалыр къызэрыхуагъэфэщамрэ.

КъызэщІэпкъуэжмэ, лъэпкъ театрым, актёр лэжьыгъэм илъэс 60-м щІигъукІэ хэлъхьэныгъэ хуищІащ Мысостышхуэм. ЦІыхубэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ яхуэлэжьа Пщызэбий къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу. Актёр зэчиифІэр, цІыху гуапэр и лэжьэгъухэми театреплъхэми фІыуэ къалъагъуу щытащ. Абы и лэжьыгъэфІхэр, ищІа образ, роль гъэщІэгъуэнхэр республикэм исхэм ноби ящыгъупщэркъым. Ар зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цІыхуу зэрыщытым щыгъуазэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я закъуэтэкъым - Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Абхъазми, Тыркуми фІыуэ къыщацІыхурт. Роль нэхъыщхьэу 100-м щІигъу зыгъэзэщІа, спектакль 20-м нэблагъэ зыгъэува Мысостышхуэр гукъинэжу щыджэгуащ «Анэм и гур», «Мыщэ и къуэ Батыр», «Тыргъэтауэ», «Эдип», «Мадинэ», «Къэнэмэтрэ Къасболэтрэ», «Къамботрэ Лацэрэ», «Ущымыуэ, Чэрим!», «ИстамбылакІуэ», «Лашын», «Іэдииху» спектаклхэм, нэгъуэщІхэми. Ар цІэрыІуэ ирихъуащ Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта», Вольтер (Аруэ Франсуа-Мари) и «Магамет», Ануй Жан и «Медее», нэгъуэщІ спектаклхэм щигъэзэщІа ролхэм. Актёр ІэщІагъэм, театр гъуазджэм щиІэ зэфІэкІыр къалъытэри, Мысостышхуэ Пщызэбий къэралым и тыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ «Лэжьыгъэм и ветеран» (1986) медалыр, Абхъаз Республикэм Гулиа Дмитрий и цІэр зерихьэу щагъэува Къэрал саугъэтыр (1984), Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр (1998), Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхь тхылъхэр (1965; 1996).

Зэгуэрым, игъэзэщІа ролхэм я гугъу ищІыжу, Мысостышхуэ Пщызэбий мыпхуэдэу жиІат: «Дэтхэнэ актёрми иІэщ фІыуэ илъагъу образ. Си дежкІэ апхуэдэщ Шортэн Аскэрбий «Партым и лІыкІуэ» и пьесэм хэт Андрей (Кировым) и ролыр... Ар лІыгъэшхуэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цІыху щыпкъэу щытащ. Шолоховым и «ЩІыщІэ къэІэтам» щызгъэзэщІа Давыдовым и ролри сигу къинэжахэм ящыщщ. Розов Виктор и «Гъуэгу махуэ» пьесэм щызгъэзэщІа Алексей и ролыр сэ къыстратхыкІами ярейщ. Алексей и хьэл-щэным, и къабзагъэм, и цІыхугъэм, и ерыщагъым сэ фІы куэд къыхэсхащ. ИкІи а фІыгъуэр си ныбжьэгъухэм, театрыр фІыуэ зылъагъухэм естыжащ. Актёрхэр аращ насыпкІэ дызэджэжыр».

Мысостышхуэ Пщызэбий телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэуи илъэс зыбжанэкІэ лэжьащ. ЩІэупщІэшхуэ иІэу, цІыхубэм ягу дыхьэу щытащ Пщызэбийрэ и щхьэгъусэ артисткэ цІэрыІуэ ЖьакІэмыхъу КІунэрэ телевиденэмрэ радиомрэ щрагъэкІуэкІыу щыта «Хасэ», «Іэдииху», «Театрымрэ театреплъымрэ», «ГушыІэхэмрэ ауанхэмрэ», «Пшыналъэ», «Жьэгу пащхьэ», «Аркъэн» нэтын хьэлэмэтхэр. А лэжьыгъэхэр республикэм и радиомрэ телевиденэмкІэ къатыжу нобэ ущрихьэлІэкІэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым адыгэбзэр екІуу, я псэлъэкІэм удимыхьэхынкІэ Іэмал имыІэу къабзэу ягъэшэрыуэу зэрыщытар. Пщызэбий республикэм и щэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэр фІыгъуэ мылъытэщ. Телевиденэмрэ радиомрэ я «дыщэ фондым» хагъэхьа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, адыгэбзэм, литературэм зегъэужьыным къиущынэмыщІауэ, Пщызэбий къэралым и фильмографиеми хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ. Ар Іэзэу щыджэгуащ Ковалёв Марк триха «Колокол священной кузни» (1982), Бондарчук Сергей и «Красные колокола» (1981), Журавлёв Дмитрий и «Лавина с гор» (1958), Къандур Мухьэдин триха «Потерянная в горах», Амирэджиби Чабуа и «Дата Туташхиа», Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэм къытращІыкІа «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» художественнэ фильмхэм. «Абхъаз Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр къыфІащащ, Абхъазым и ЛІыхъужь Лакобэ Нестор и образ телъыджэр къызэрехъулІам папщІэ.

КъыжыІапхъэщ, Мысостышхуэ Пщызэбий, артист къудей мыхъуу, тхэнми дихьэхыу, усэхэр, Іуэтэжхэр, пьесэхэр, уэрэдхэр итхыу, урысыбзэкІэ тха пьесэхэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІыу зэрыщытар. УсакІуэ Лыкъуэжь Нелли къыдигъэкІащ Пщызэбий и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Дунейр чэзущ» тхылъыр. Актёрым и тхыгъэ купщІафІэхэр триухуащ ар зыгъэгузавэ, цІыхубэми ягу зыгъэныкъуэ Іуэхугъуэхэм. Мысостышхуэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэд зыбжани щыІэщ.

Ар тхэным зэрыдихьэхамрэ щІыдихьэхамрэ я гугъу щищІыжым, артист цІэрыІуэм жиІат: «Сэ си щІалэгъуэр зэрызгъэкІуам, балигъ сыхъуа нэужь, си нэгу щІэкІахэм, гуапагъэ, цІыхугъэ зыдэслъэгъуа си ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъащІэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм къыщысІэщІэщІа щыуагъэхэм сатетхыхыж си хабзэщ. Стхыжхэм хэтщ уси, пьеси, уэрэди, Іуэтэжи, ауани, гушыІи. Дауи, сэ сызэрытхэр зыфІэауани, аргуэру зы тхакІуэ мыкІуэмытэ къэунэхуащ жызыІэни щыІэнущ. Сэ сытхакІуэкъым, тхакІуэхэм сахэвбжэнуи сыхуейкъым. Ар си дежкІэ насыпышхуэІуэщ, къалэн абрагъуэщ. Сэ схузэфІэкІынурати, си гъащІэм и зы плІанэпэ цІыкІу си тхыгъэхэм яхухэсхауэ, ар сэр-сэру згъэдэхэжу, згъэщІэрэщІэжу, стхахэм сыкъеджэжрэ гухэхъуэгъуэ къызату сыпсэуащ...».

Пщызэбий жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІыу щытащ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым, Театрым и лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ. Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым и студентхэр Пщызэбий хуригъаджэу щытащ утыку зэритынум, сценэм зэрыщыпсэлъэнум. А псом къадэкІуэу, унэтІыныгъэ куэдым зэфІэкІ щызиІэ артистыр ящыщ зыщ «Бжьамий» ІуэрыІуатэ ансамблыр къызэзыгъэпэщахэм. Ансамблым здыхэтым, Мысостышхуэм и макъ лъэщыр дуней псом и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм - Москва, Варшавэ, Париж, Амман, Дамаск, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми - щыІуащ.

КъБР-м и театр гъуазджэр зэфІэзыгъэувахэм, абы и тхыдэр зыгъэбеяхэм ящыщ, щэнхабзэм, литературэм, кинематографием хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІа Мысостышхуэ Пщызэбий 2009 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ езыр нобэми къытхэту къэплъытэ хъунущ, цІыхубэм, зыцІыхуу щытахэм ягу илъщ, театрым и тхыдэм щыщ хъуащи.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Гулъытэ ягъуэтын хуейщ

Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и гупыщІэм и япэ зэІущІэр иджыблагъэ екІуэкІащ.

АБЫ хэтащ совет, урысей усакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я цІыхубэ усакІуэ, РСФСР-м Горький Максим и цІэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Зумакуловэ Танзиля.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Бейтуганов Исмэхьил жиІащ: «Иужьрей зэманым къэрал унафэщІхэм гулъытэшхуэ хуащІ Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным. Куэд щІакъым союзым зэхъуэкІыныгъэхэр къызэрыщыхъурэ, УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Мединский Владимир абы и пашэу зэрыхахрэ. Абы игъэбелджыла Іуэхухэм къытхуагъэлъагъуэ адэкІэ дызэрыкІуэтэну щІыкІэр. Щхьэхуэу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт ди республикэ унафэщІхэм, ЩэнхабзэмкІэ министерствэм зэрызыкъытщІагъэкъуам папщІэ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унэм хэт пэшхэм щыщ КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хухахащ».

Зэхуэсым хэтахэр тепсэлъыхьащ творческэ гупжьейхэм я лэжьыгъэр къэгъэщІэрэщІэжын, литературэ пшыхьхэр нэхъыбэу егъэкІуэкІын зэрыхуейм, тхэн щІэзыдзэгъащІэ щІалэгъуалэм щІыналъэ зэпеуэ къахузэгъэпэщынымкІэ яІэ Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми.

- ТхакІуэм и пщІэр жылагъуэм къыщыІэтыжыныр ди пщэрылъ нэхъыщхьэщ. Дегугъуу делэжьын хуейщ, лъэпкъыр, цІыхубэр, ди щІэджыкІакІуэхэр зыхуэныкъуэ, зыщІэупщІэ тхыгъэщІэхэр дгъэпсыным, ахэр дунейм къытедгъэхьэным, - къыхигъэщащ усакІуэ, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ Хьэту Пётр.

- Къэралым нобэ гулъытэ щигъуэтыжу жыпІэ хъунущ тхыгъэхэр зэдзэкІынми. Сыт хуэдизкІи тхыгъэ нэхъыбэ урысыбзэкІи нэгъуэщІ бзэхэмкІи зэддзэкІын хуейуэ къызолъытэ, - жиІащ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІым и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ.

ЗэІущІэм къыщытеувыІащ литературэм епхауэ 2026 гъэм зэлэжьыну Іуэхухэм. КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и зэхуэсхэр мазэ къэс ирагъэкІуэкІыну я мурадщ, абыхэм къыщаІэтынущ унафэ зыгъуэтыпхъэ Іуэхухэр. КъищынэмыщІауэ, анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ хъумэным, зегъэужьыным хуэунэтІа литературэ зэхыхьэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэгухьэныгъэм къызэрыхилъхьар «Урысейм и къуэ пажэхэр!» литературэ зэпеуэри. Ар зытеухуар дзэ Іуэху хэхам щыІэхэрщ.

ЗэІущІэм унафэ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и литературэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» медалыр ягъэувыну. Зэман гъунэгъум щІыналъэ къудамэр иужь ихьэнущ ар къызэрыдагъэкІыну дэфтэрхэм елэжьыным.

Правленэм хэтхэр тепсэлъыхьащ зэгухьэныгъэм епхауэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я совет къызэрызэрагъэпэщынуми. А Іуэхур яфІэкъабыл хъуащ Тхьэгъэзит Юрий, ХьэкІуащэ Мадинэ, Додуев Аскэр, Ахматовэ Любовь, Мазуренкэ Маринэ сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м щыхъыбархэр

Хуэдищым нэблагъэкІэ хэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъущІ гъуэгухэмкІэ ягъэІэпхъуэ хьэлъэхэм я куэдагъым хуэдищым нэблагъэкІэ хэхъуащ.

КАВКАЗ Ищхъэрэм ГъущІ гъуэгухэмкІэ и управленэм и пресс-ІуэхущІапІэм иджыблагъэ къызэритамкІэ, дызэрыт илъэсым и фокІадэм къриубыдэу ди республикэм икІыу нэгъуэщІ щІыпІэхэм хурагъэша хьэлъэхэр тонн мин 60-м нэблагъэ хъуащ икІи нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 28-кІэ нэхъыбэщ ар.

Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым етІуанэ увыпІэ щиубыдащ абыхэм я гъущІ гъуэгухэм трагъэш хьэлъэхэм я куэдагъым къызэрыхэхъуэм и псынщІагъымкІэ. Псом хуэмыдэу ар къыдэзыщІейр ухуэныгъэ материалхэрщ - тонн мин 51-рэ. Мыбдежым хэхъуэр хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ щынэхъыбэщ.

2025 гъэм и мазибгъум къриубыдэу республикэм и гъущІ гъуэгухэмкІэ ягъэІэпхъуэ хьэлъэхэм я куэдагъым проценти 10,8-кІэ хэхъуащ икІи ар псори зэхэту тонн мин 445-рэ хъуащ.

ЕрыскъымкІэ бэлэрыгъыркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкІхэмкІэ и ІэнатІэм дызэрыт илъэсым и мазийм къриубыдэу шэуэ къыщыщІагъэкІам процент 24-кІэ, кхъуеймрэ кхъуейлъалъэмрэ проценти 6-кІэ, тхъуцІынэм проценти 9,5-кІэ хэхъуащ.

Къапщытэж пІалъэм къриубыдэу ІэфІыкІэу къыщІагъэкІам и куэдагъыр проценти 2,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм яхузэфІэкІам нэхърэ. Щакхъуэу, щІакхъуэхэкІыу, макарону ящІар нэгъабэ и щІышылэм - шыщхьэуІум щыІа бжыгъэхэм хуэдэу къэнэжащ.

Къэралым щынэхъыфІхэм ящыщщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыхьэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу щыщІадзащ пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщІэхэмрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ хэсэн. Мурад щыІэщ гектар зы миным щІигъум мы гъэм ахэр щагъэтІысыну.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и гъатхэм жыгыщІэхэр щыхасащ гектар 550-м. Абы къыдэкІуэу, жьы хъуа жыгыжьхэр къыхачыжащ, ахэр зэрыта щІыпІэхэр зэтес ящІауэ, жыгыщІэхэр нобэ щагъэтІыс.

Къыхэдгъэщынщи, Іуву зэкІэщІэсауэ хащІэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ я куэдагъымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щынэхъыфІ щІыналъэхэм ящыщ яхохьэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ТхакІуэ, усакІуэ, драматург лъэужьыфІэ

ІутІыж Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу

ТхакІуэ, усакІуэ, драматург, публицист, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ ІутІыж Борис Къуней и къуэр Шэрэдж куейм щыщ Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ 1940 гъэм октябрым и 15-м. А жылэм дэт курыт еджапІэр къиуха нэужь, Борис дзэм илъэсищкІэ къулыкъу щищІащ. 1963 - 1968 гъэхэм абы щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм. ЕхъулІэныгъэ иІэу КъБКъУ-р къэзыуха щІалэр ирагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. ПщІэ зыхуащІ ІэщІагъэлІу Борис абы илъэс 22-кІэ щылэжьащ. А зэманым къриубыдэуи ІутІыжым къиухащ Тбилиси Бзэ щІэныгъэхэмкІэ дэт институтым и аспирантурэр. А институт дыдэм абы утыку къыщрихьащ адыгэбзэм и Іыхьэ нэхъ гугъуэхэм ящыщ зым теухуа диссертацэр икІи зэдэарэзыуэ къыфІащащ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат цІэр.

КЪЫХИХА бзэ щІэныгъэм ехьэлІауэ Борис къыдигъэкІащ монографие, сборник щхьэхуэхэр, журналхэм статья куэд къытрыригъэдзащ, адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэлъхьэным, къыдэгъэкІыным и гуащІи, и щІэныгъи ирихьэлІащ. Борис яхэтащ 1999 гъэм Москва къыщыдэкІа «Адыгэбзэ псалъалъэ» («Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ») тхылъышхуэр зэхэзылъхьахэм. 2001 гъэм дунейм къытехьащ еджакІуэхэм папщІэ зэхагъэува «Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэр». А тхылъ щхьэпэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа щІэныгъэлІищым язщ ІутІыж Борис.

ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэт институтым 1990 гъэм ирагъэблагъэри, лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ абы къыщызэІуаха кафедрэм и унафэщІу илъэс хуэдэкІэ щылэжьащ ІутІыжыр. Зыпэрыува Іуэхум хьарзынэу хэзэгъа, дихьэха пэтми, аргуэру лэжьапІэхъуэж ищІыныр къыхудэкІат: 1991 гъэм адыгэ тхакІуэхэм я зэхуэсым ар зэдэарэзыуэ щыхахат «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу. 2008 гъэм октябрым и 28 махуэм нэсыху (дунейм ехыжыху) Борис пэрытащ а ІэнатІэ мытыншым.

Литературэм ехьэлІауэ жыпІэмэ, ІутІыж Борис и Іэдакъэ къыщІэкІащ усэ купщІафІэхэр, новеллэ гъэщІэгъуэнхэр, «ГущІагъщІэлъхэр» зыфІища жыІэгъуэ кІэщІ хьэлэмэтхэр, гушыІэ, ауан зыхэлъ тхыгъэ шэрыуэхэр, пародиехэр, эпиграммэхэр, памфлетхэр, анэдэлъхубзэм, литературэм, театрым ятеухуа публицистикэ тхыгъэхэр, сабийхэм яхуитха усэхэр...

ИтІани, ІутІыж Борис нэхъ къызэрацІыхуу щытар драматургыущ, цІэрыІуэ нэхъ зыщІари и пьесэ купщІафІэхэрщ.

Сценарийхэм нэмыщІ, едзыгъуэхэурэ зэхэт пьесэу 30-м нэс итхащ ІутІыжым. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, усэбзэкІэ тха «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Эдип», «Мазагъуэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Гъуэбжэгъуэщ» трагедиехэр; «Кушыкупщ», «Кхъужьеибэ», «Нартхэ я дыгъэ», «ГукъэкІыжхэм я гъатхэ» драмэхэр; «Шамхьун и фызышэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «Хьэцацэ дахэ», «Хьэпэщыпхэ», «ГушыІэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Зиусхьэн Хьэжбыщ!» комедиехэр, нэгъуэщІхэри.

ІутІыжым лъэпкъ драматургием хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ ирита зыужьыныгъэмрэ я щапхъэ наІуэщ илъэс 40 хъуауэ абы и пьесэхэм ди лъэпкъ театрым и репертуарыр зэрагъэбжьыфІэр. Борис и пьесэхэм къытращІыкІа спектаклхэр щагъэлъэгъуащ Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Абхъазми, Дагъыстэнми, Осетиеми, Къалмыкъми, Москваи. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хамэ къэралхэми пщІэ щагъуэтащ абы и пьесэхэм. Псалъэм папщІэ, «Тыргъэтауэ» пьесэр хьэрыпыбзэкІэ зэрадзэкІри, 1990 гъэм тхылъ щхьэхуэу Щам (Дамаск) къыщыдагъэкІащ. 1996 гъэм «Дамэлей» пьесэм къытращІыкІа спектакль хьэлэмэтыр ехъулІэныгъэ иІэу щагъэлъэгъуащ Тырку къэралыгъуэм щыщу Истамбыл, Къайсэр, Османие, Мерсин, Гёксун къалэхэм. Борис и «Тыргъэтауэр» франджыбзэкІэ зэрадзэкІащ, Париж къыщыдэкІа «Кавказым ис лъэпкъхэм я театральнэ критикэмрэ драматургиемрэ я антологием» хагъэхьащ. Апхуэдэуи зэрадзэкІащ иджырей ди гъащІэм теухуауэ Борис иужьрейуэ итха «Олигарх гуащэ» пьесэ хьэлэмэтри. Езым итхахэм нэмыщІ, пьесэ зыбгъупщІ ди лъэпкъ театрхэм яхузэридзэкІауэ щытащ абы.

Борис «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэми Журналистхэми я союзхэм.

Зэпымыууэ бгъэпсэуну узыхуей цІыхухэм хуэдэт Борис, абы щыгъуэми, бетэмал, пасэІуэу, и ныбжьыр илъэс 68-рэ фІэкІа мыхъуауэ дунейм ехыжащ. И къару илъыгъуэу, и къалэмым къыпыкІынур иджыри куэду, и щхьэм щызэригъэзахуэхэм ауи и гъунэ иримылъауэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, къытхуигъэнари мащІэкъым, фІыуэ зылъагъуу, и гуащІэр зылъытэу щыта цІыхухэри нэхъыбэжщ. Абыхэм я псалъэкІэ иджыри зэ фэдгъэцІыхужынщ ІутІыжыр.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей, *филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, 2000 гъэ:* - Ди Щхьэщыгум итым и нэфІ зыщыхуахэм, тыгъэ лъапІэкІэ зыхуэупсахэм ящыщщ адыгэ драматург цІэрыІуэ, усакІуэ гъуэзэджэ икІи сурэтыщІ Іэзэ ІутІыж Борис. Ар илъэс плІыщым нэблэгъауэ литературэм щолажьэ, зэІусэм псэ хилъхьэу, лъэпкъыр, къыдалъхуахэр лІыгъэм, лэжьыгъэм, дахагъэм, цІыхугъэ лъагэм хуриджэу.

ЗэфІэкІ ин, Іэзагъ нэс зэрыбгъэдэлъыр абы псом япэу наІуэ щищІар литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэ драматургиерщ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа пьесэхэм лъэпкъ драматургиер лъагапІэщІэ трагъэуващ. Адыгэ театрым и сценэр иужьрей илъэс зытІощІырыпщІым зыгъэбжьыфІэр ІутІыж Борис и тхыгъэ гъуэзэджэхэрщ.

НАЛО Заур, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, 2010 гъэ:* - ІутІыж Борис япэ дыдэ итха «Тыргъэтауэ» трагедиер къысхуихьри, къызэлъэІуат сыкъыхуеджэну. Абы и сюжетыр хьэлэмэтщ, тхыдэм жыжьэу хэІэбэщ, зыхуейхэр «къыхихри» и тхыгъэм лъабжьэ хуищІауэ. КупщІэм нэмыщІ, драматургием къегъэув лІыхъужь къэсыхукІэ псэ яІутын хуейуэ, я психологие яІэжыпхъэу. Мис абыхэм сегупсысурэ сыкъеджащ сэ а тхыгъэм. Хуабжьу сигу ирихьат.

Апхуэдэу тхыдэм, нобэрей псэукІэм теухуауэ пьесэ куэд итхащ Борис. Абы ипэкІэ диІащ дэ драматургхэр - Акъсырэ Залымхьэн, Шортэн Аскэрбий, Тубай Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщІхэри, ауэ апхуэдиз зи кууагъыу гупсысэ, апхуэдиз купщІэ зиІэ тхыгъэхэр къызэзынэкІа яхэтакъым. ІутІыж Борис и цІэр жытІэу, и фэеплъыр тщымыгъупщэу екІуэкІын хуейщ.

ЕЛГЪЭР Кашиф, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, 2020:* - Илъэс 17-м щІигъукІэ зи унафэм дыщІэта ІутІыж Борис редактор нэхъыщхьэу къытхуэкІуэным ипэжкІэ, ар «Іуащхьэмахуэм» къуэпскІи псэкІи къытпыщІауэ дызэдэлажьэрт. И тхыгъэ купщІафІэхэр щІэх-щІэхыурэ къытеддзэрт.

Борис лэжьакІуэшхуэт. Гууз-лыуз иІэу бгъэдэтт и ІэнатІэм. Гумызагъэт. Зи псэм щымысхыж цІыхут.

Зэман нэхъыбэІуэ иІэ хъуарэ: «Сэ дачэмкІэ сокІуэ», - жиІамэ, абы къикІыр гурыІуэгъуэт: жэзым, пхъэм, нэгъуэщІ зыгуэрхэм сурэт къащыхищІыкІ и лъэщапІэр здэщІыІэр хадэрати, и нэм нэху имылъагъуж хъухукІэ абы щылажьэрт. Борис сытми сытри къыхищІыкІыфырт. АпхуэдизкІэ ІэпщІэлъапщІэти, ар зыхэмызагъэ щыІэу къыщІэкІынтэкъым. Псэ хилъхьэфыртэкъым, армыхъумэ, зэІусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт.

ІутІыж Борис хуэдэхэр илъэсищэм зэщ лъэпкъым къызэрыхэкІыр. Аращ апхуэдэ цІыхухэр щыпсэум деж гъэлъэпІэн, яхуэфащэ пщІэ яхуэщІын щІыхуейр.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, 2010:* - Мы тхыгъэр зытеухуа ІутІыж Борис адыгэ тхакІуэ псоми къахощ. Абы ди литературэм хэлъхьэныгъэ абрагъуэ хуищІащ. Борис итха псоми (кІуэ, закъуэтІакъуэ блэзгъэкІами сщІэркъым) сыкъеджащи, узыщІишэу, узэщІиубыдэу апхуэдэхэщ. Абы и гуащІэр ди лъэпкъ цІыкІум дежкІэ уасэ зимыІэ фІыгъуэшхуэщ.

ІутІыжым щхьэтечу епсалъэу щытахэм, и тхыгъэхэм ящыщ куэдым япэу еджахэм, и псэлъэгъуу, и гушыІэгъуу щытахэм сэри сащыщщ. Сэ Борис нэхърэ илъэси 10-м щІигъукІэ сынэхъыжьщ, ар щыстудентым щыгъуэ сэ газетымрэ радиомрэ сыщылэжьащ, пасэу итхахэм седжащ, абыхэм зэрысхузэфІэкІкІэ гъуэгу естащ. Пэжыр жысІэнщи, ІутІыжым и гушыІэ тхыгъэ телъыджэхэр зигу иримыхь гуэрхэри щыІащ, езым и ныбжьэгъухэри яхэтыжу. Ауэ абы зы щхьэкІи къигъэзакъым, и щІалэгъуэм къыщыщІэдзауэ и къарум къихьыфынур ищІэжу, тегушхуэныгъэ ин хэлъу щытащ.

«Мы си тхыгъэм сыт ефщІэми сыарэзыщ, сытми зыгуэр къыхэфхи схутевдзэ...» жызыІэхэм Борис ящыщтэкъым. Абы итхам езым нэмыс хуищІыжыфырт икІи ухэІэбащэу идэнутэкъым. Пэж жыпІэнумэ, ущІеІэбыжыни щымыІэу тхэфырт ар, щыщІалэ дыдэми къыщыщІэдзауэ.

АЦКЪАН Руслан, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ:* - ІутІыж Борис ди литературэм хилэжьыхьам дяпэкІэ тхылъ Іэджи зэрытратхыхьынум сэ шэч къытесхьэркъым, ди лъэпкъыр щыІэху, абы и тхыгъэхэр зэрымыкІуэдыжынури фІыуэ сощІэ. Нобэ адыгэ лъэпкъым и ІутІыжщ, ар езым фІыуэ къыгурымыІуэжми. Абы иІэщ ІутІыж Борис и тхыгъэ щэджащэхэри, нэгъуэщІ куэдым я ІэдакъэщІэкІ купщІафІэхэри. ДиІэр тхъумэжыфу, абы пщІэ хуэтщІыжыфу нэхъри зедгъэсэныр щ къытхуэнэжыр.

УЭРЭЗЕЙ Афлик, *усакІуэ, 2010 гъэ:* - ТхакІуэ е усакІуэ щыхъукІэ, абы и ІэдакъэщІэкІхэр зигу ирихьи зыфІэмыкъабылыщи щыІэнщ. ЗэдыщІэкІыу псоми гурыхь ящыхъуну гугъэ зыщІым и Іуэхур щхьэгъэпцІэжу аращ. Сэ фІыуэ сцІыхуу щыта икІи сызыдэлэжьа ІутІыж Борис зэдыщІэкІыу псоми гурыхь ящыхъун мурад иІауэ зэи гу лъыстакъым. Гу зылъыстар нэгъуэщІщ - Борис нэхъыбэу зыхуэлэжьа драматургием нэгъуэщІхэм щахуэзэфІэмыкІа куэд къыщехъулІащ. Абы ехьэлІауэ мыпхуэдэу жысІэфынущ: ди лъэпкъ щэнхабзэм ІутІыжым и «Тыргъэтауэм» щиІэ фІыщІэр къэлъытэгъуейщ. Къапщтэмэ, «Тыргъэтауэм» хузэфІэкІащ Къэбэрдей театрым пэІэщІэ хъууэ хуежьа цІыхухэр абы къришэлІэжыну. Мыпхуэдэуи хужыпІэфынущ а тхыгъэм - «Тыргъэтауэм» и фІыгъэкІэ лъэпкъым и гур и тхыдэм нэхъ къыхуэушыжри, и блэкІам хуиІэ щытыкІэми зихъуэжащ. Иджыпсту къэсхьа щапхъитІым я закъуи урикъуни ІутІыжым лъэпкъ Іуэхум хилэжьыхьар зыхуэдизыр зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми къыбгуригъэІуэну!

ЦЫПІЫНЭ Аслъэн, *филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, 2000 гъэ:* - Сэ, «щІалэ цІынэ папщІэ цІыкІур» (апхуэдэут къызэрызэджэр), егъэлеяуэ ІутІыжым сигъэгушхуэ зэпытт. «Лъэпкъыр дымащІэщи, ди лъэныкъуэкІэ униздежьэну, укъыздалъагъуну сыхуейщ» жиІэурэ и бынхэм я гуфІэгъуэхэм сыхигъэтащ.

Сыхуэпабгъэу сыхущІэкъуну мыхъумэ, зэи сыздынэмысыфыну лъагапІитІ щыІэщ - ар КъардэнгъущІ Зырамыку и ІуэрыІуэдзагъымрэ ІутІыжым и бзэ дахэмрэ. Борис адыгэбзэ ищІэ къудейтэкъым, абы анэдэлъхубзэр зыхищІэрт. ІутІыжым и псалъэ гъэпсыкІэр адыгэм набжэ зэриху щІыкІэм изогъэщхь: гупсысэ бжэгъулъэр бзэпсым хуэдэу еукъуэдийри, псалъэ-чийхэр гъэщІэгъуэныщэу игъэлантІэурэ дедзыж, бжьэпэтехуэри зэкІужрэ-зэпсыжу треухуэнэж.

ХЬЭІУПЭ ДжэбрэІил, *композитор, КъБР-м и цІыхубэ артист:* - Лъэпкъыр лъэпкъ зыщІыр, ар зыгъэлъапІэр, абы и щхьэ езыгъэІэтыр, лъэпкъым псэ хэзылъхьэр ІутІыж Борис хуэдэхэрщ. ЛъэпкъылІт, гупсысакІуэт, ущиякІуэт, тхакІуэт, усакІуэт, сурэтыщІт, кІэщІу жыпІэмэ, адыгэпсэм зезыгъэузэщІ цІыху щыпкъэт Борис.

ЖЬАКІЭМЫХЪУ КІунэ, *Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артисткэ:* - ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ», «Эдип», «Лъыгъажэ жэщ» пьесэхэми, гушыІэрэ ауану зэхэлъ тхыгъэхэу «Гуащэмыдэхьэблэ», «Шамхьун и фызышэ», «УгушыІэнумэ, къеблагъэ», «ГушыІэ махуэ апщий!», нэгъуэщІхэми театрым и пщІэр лъагэу къаІэтащ, артист куэди цІэрыІуэ, гуимыхуж ящІащ.

Ди театрым къыщызджэгуа ролхэм ящыщу (ахэр 120-рэ мэхъу) нэхъыфІ дыдэу къэслъытэр Тыргъэтауэщ. Сэ Борис Іэмал къызитащ артистым хэлъын хуей зэфІэкІ псори мы ролымкІэ къэзгъэлъэгъуэну: цІыхубзым хэлъын хуей щабагъри, щхьэгъусэм, адэм, хэкум яхуэгъэза лъагъуныгъэри, бийм къыхузэІуих пхъашагъри, лъагъумыхъуныгъэри, къарурэ лІыгъэу къылъыкъуэкІри. ПсэухукІи си гум гуапэу хуилъащ, дунейм сытетыхукІи фІыщІэ хуэсщІынущ си насып къихьу а образыр къызэрызгъэщІыфам щхьэкІэ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир, *Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист:* - ІутІыжыр къызэрытцІыхуар и тхыгъэхэмкІэщ. Борис и псэлъэкІэр япэ дыдэу щызэхэсхараш ди бзэм и бзэрэбзэкІэр, и къарур, и дахагъэр щызыхэсщІар. Ди анэдэлъхубзэр сэзыгъэцІыхужар Борисщ жысІэкІэ сыщыуэнукъым.

ШИРДИЙ Маринэ, *Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист:* - Лъэпкъым и Іуэху зезыхьэн, зезыгъэузэщІын, абы и цІэкІэ утыку ихьэн иІэн хуейщ, и щІэныгъэми, и акъылми, уеблэмэ и теплъэми укъызэримыгъэукІытэнур пщІэуэ. Борис апхуэдэт. Ар псоми зэхуэдэу фІыуэ ялъэгъуагъэнкъым, ауэ тхакІуэм, щІэныгъэлІым дежкІэ нэхъыщхьэращи, и къалэмыр игъэхьэулеяуэ зыми жиІэфынукъым, лъэпкъым и цІэкІэ къэпсэлъэну щІыхуимыти дэлъакъым абы и щІыбагъ.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ, *усакІуэ* - УкІытэ къэзыгъэушыр пщІэшхуэ зиІэращ. УкІытэшхуэ цІыхум щыдэмылъагъуж зэманым хэпсэукІми, ІутІыжым куэд къыщыукІытэрт.

Борис хуащІ пщІэр къилэжьыжащ и дуней тетыкІэмкІэ. И напэ емыплъыжу зы лъэбакъуэ ичауэ къыщІэкІынкъым. «Хабзэшхуэ хэлъащ» хужаІэ абы. Хэлъа къудейкъым - адыгэ хабзэрат абы и дунейр, адыгэбзэрат и псэр зыхэлъыр. И хъуреягъым къыщекІуэкІыр нэгъуэщІ зыгуэрми, ІутІыжым и дунейр апхуэдизкІэ лъэщт, лъагэт, уэрти, мыдрейуэ хъуар ефэгъуэкІ къудейтэкъым, атІэ пцІы зэфэзэщ щІэхъукІырт. Пэжыр зи нэгум къищ куэдрэ урихьэлІэрэ? Абы и нэгум къытещыр и псэ зэхэлъыкІэрат - ар нэхут.

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Зэныбжьэгъугъэм и шэсыпIэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым и фэеплъу «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы комплексым щызэхэта зэхьэзэхуэм кърихьэлIащ икIи ар зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэм и унафэщIым и къуэдзэ Бакеевэ Екатеринэ, Олимп джэгухэм я чемпион Попов Александр, «Отрада» шы спорт клубым и унафэщIхэу Понамаренкэ Александррэ Гоголь Николайрэ, республикэм и министерствэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакIуэхэр, хъэрычэтыщIэхэр, шы спортым дихьэххэр, нэгъуэщIхэри.

ЯПЭМ къэмыхъуауэ, зэхьэзэхуэм и япэ махуэм зэпеуащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщ куэдым, хамэ къэрал 18-м я шууей 73-рэ.

Гъуэгуанэ нэхъ кIыхь дыдэр: километри 160-р, шыкIэ зэпычынымкIэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Мэзкуу областым щыщ Павленкэ Юлие, «Ниацин» шымкIэ. ЕтIуанэу къэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шууей Васильевэ Екатеринэ, «Мотивация Асти» шым тесу. Ещанэ увыпIэр мыбдеж къыщахьащ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм къикIа Аль Шебли Мохаммед Рашид Саидрэ абы къигъэжа «Эль Сеньор» шымрэ.

Километри 120-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къикIуащ Махуэ Мухьэмэд зытеса «Наоми Ездэч» шым. Дыжьынымрэ домбеякъымрэ яхьащ Пензэ областым щыщ Каунинэ Мириерэ Мэзкуу къалэм и лIыкIуэ Каримовэ Татьянэрэ.

Километр 20-м щынэхъ псынщIащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр, «Хъан» шымкIэ. ЕтIуанэр Архэст Артурщ. Абы къигъэжащ «Батыр» шыр. «Пачах» шымкIэ ещанэ хъуащ АфэщIагъуэ Беслъэн.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратащ. Абыхэм къадэкIуэу, сом мелуан 1,5-рэ абыхэм зэдагъэджэгуащ. Мылъкур къызыбгъэдэкIар «Отрада» шы спорт клубымрэ шы лъэпкъыфIхэр къыщагъэхъу Тэрч завод №169-мрэщ.

ЕтIуанэ махуэм километр 80 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычынымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ щыхъуащ Бекъан Дарье, «Резвая» шым тесу. Километр 40-р нэхъ псынщIэу къикIуащ «Айнур» шым, Бозий Ислъам зытесам.

ЖыпIэнурамэ, зэпеуэхэм хэтащ Белорусием, Къэзахъстаным, Куржым, Абхъазым, Афганистаным, Сьерра-Леонем, Мысырым, Замбием, Индием, Иорданием, Камеруным, Палестинэм, Бурундим, Сирием, Суданым, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Канадэм, нэгъуэщI къэралхэми я шууейхэр.

Зэхьэзэхуэм къыдэкIуэу хьэщIэхэм Iэмал яIащ УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ имызакъуэу, Иорданием, Индием, нэгъуэщI къэралхэми яйм зыщагъэгъуэзэну, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыIуагъэхуэну. ЗэIущIэр ягъэдэхащ республикэм и къэфакIуэ гупхэм. Зэхьэзэхуэр гукъинэжу икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэрыхъуным хэлIыфIыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ къэрал мэкъумэш университетымрэ.

КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и фэеплъ зэхьэзэхуэр спорт къэхъукъащIэ иму зэрыщытам къыдэкIуэу, ар хъуащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным и шэсыпIэ икIи щыхьэт техъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр шы спортымкIэ УФ-м и центрхэм ящыщу зыуэ зэрыщытым.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.



Шеибжьэм и хъуреягъкIэ

• Щэнхабзэ

Ди щIэджыкIакIуэ набдзэгубдзаплъэхэр зэрыщыгъуазэщи, «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэм цIыху зыбжанэ яхэтщ усэм, прозэм, зэдзэкIыным, литературэ тхыгъэхэр зыхуей хуэгъэзэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIу. Жэпуэгъуэм и 6-м редакцэм и хьэщIэщым щызэхэтащ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм дыщытепсэлъыхь хабзэ «Литературэ пщэдджыжь» зыфIэтща зэхуэс. Ар теухуат Гугъуэт Заремэ и усэхэм.

ДЫПIАЩIЭУ, зэман ебзыхьэкIакIэ дгъэхьэзыр махуэ къэс тхыгъэхэм елъытауэ, жьы дэхупIэ тхуэхъу литературэ хуэIухуэщIэхэм я фIыгъэкIэ ди къалэн нэхъыщхьэри нэхъ нэгъэсауэ гъэзэщIа хъууэ къысфIощI. Псалъэм и IэфIыр зыIэщIэдмыгъэкIын, ди щыуагъэхэр «дэр-дэру» зэхуэтIуэтэжын, зым адрейр дгъэгушхуэн папщIэщ мыпхуэдэ зэIущIэхэр едгъэкIуэкIыныр игъуэу къыщIэтлъытар. «УсакIуэ» псалъэ дахэм зи цIэ-унэцIэр кIэрыпщIа Гугъуэт Заремэ и усэ Iэрамэм дыщIытепсэлъыхьам и щхьэусыгъуэ дыдэри абы и хъэтIыр, и гупсысэ гъэкIэрэхъуэкIэр, гурыщIэ къэIуэтэкIэр зэрызыхэтщIэ щIыкIэмкIэ дызэдэгуэшэн щхьэкIэщ.

Куэд щIакъым Заремэ и усыгъэм теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» къызэрытеддзэрэ. Абы щыжысIам къытезмыгъэзэжу, адрей си лэжьэгъухэм ди литературэ уэршэрым къыщапсэлъахэр фхэсIуэтэжынщ. Утыку къитхьа гупсысэ псоми я мыхьэнэр зыщ: Гугъуэт Заремэ зи бзэр зэрыубыда усэрыпсалъэ къызэрищIыкIар наIуэщ.

ЩхьэщэмыщI Изэ игу къигъэкIыжащ ди лэжьэгъу зэчиифIэр Хьэх Сэфарбий тхэн щIэзыдзэхэм папщIэ илъэс куэдкIэ игъэлэжьа «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм къызэрыхэтэджыкIар. «Адыгэ псалъэм» щигъэзащIэ къалэнхэм къадэкIуэу, Изэ «Советская молодежь» газетым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Псынэ» напэкIуэцIыр егъэхьэзыр. «Шыхулъагъуэм» хэтхэм я тхыгъэхэр абы къытрадзэу зэрыщытам и фIыгъэкIэ, Изэ пасэу гу лъитащ Заремэ и тхэкIэр адрейхэм къазэрыхэщым.

- Иджы дэри дрищыхьэтщ, - жиIащ Изэ, - Заремэ и усэхэм щIэупщIэ зэраIэм, цIыхухэр къызэрыпэджэжым. Бзэ тыншкIэ, дахэкIэ, къулейкIэ матхэ ар, «къармэхьэблэ хъэтI» фIэсщынт и тхэкIэм. ЕджэгъуафIэу, гурыIуэгъуафIэу апхуэдэщ, зыми хыумыгъэгъуащэ езым и дуней иIэжу.

Заремэ и усэхэм ящыщу, Изэ «Нэмэз щыгъэ» усэр нэхъыфIу илъагъуу къыщIэкIащ икIи къытхуеджащ.

- Сэ си закъуэкъым, анэшхуэ куэщI ирапIыкIа дэтхэнэ зыри и сабиигъуэм къыщыхутэжынущ а усэм и фIыгъэкIэ. А нэмэз щыгъэр зи Iэпэгъуу пIэ лъапIэм теса си анэшхуэм и дунейр си нэгу къыщIагъэхьэж мы сатырхэм. Абы укъыфIэкIмэ, Заремэ жэуапыншэ лъагъуныгъэ жыхуаIэм теусыхьрейщ. А темэмкIэ къыщIэзыдза ТхьэгъэзитI Зубер ещхьу, и усэбзэр къызэрытIэпIыкIыу, а гурыщIэ къабзэр щытепщэ дунейм дыхишэну сыщогугъ Заремэ. Иджыри зытеусыхьыфыну лъэныкъуэ куэд зэрыщыIэм, абы хурикъун Iэзагъи зэрыбгъэдэлъым шэч къытесхьэркъым, Тхьэм иригъэфIакIуэ.

«АдыгэбзэкIэ яусахэр мин бжыгъэкIэ си пащхьэ кърапъхьэу щытми, Заремэ ейхэр абыхэм къахэсцIыхукIыну къысщохъу, - адэкIэ пещэ уэршэрым НэщIэпыджэ Замирэ. - Сыту жыпIэмэ, ауэ сытми псалъэ къызэрыгуэкIкIэ тетхыхьу щыткъым ар лъагъуныгъэм. А гурыщIэмрэ щIыуэпсым и щытыкIэмрэ зэрызэхиухуанэр уи нэгум къыщIегъэувэ. Сытым дежи уигу къегъэкI: «дауэ къигупсысыфа», «мыпхуэдэу дахэу дауэ зэрыжыпIэнур»? Мы нобэ дызытепсэлъыхь усэ Iэрамэм хэт «сатырищ хъу усэхэр» щIэщыгъуэу къысщыхъуащ, зыбжани къахэстхыкIащ, сигу изубыдарэт жысIэу: *«Уафэм си гукъанэу дэспхъеяхэр уафэгъуагъуэу, щыблэу къызэгуеч». «Нэхущым гъатхэ дыгъэм сыIуплъэху, уи псалъэ жылэ си гум къыщогъагъэ».* Уи гум лъагъуныгъэ е нэгъуэщI фIы гуэр щилъым деж, а уафэри нэхъ дахэу, дыгъэми нэхъ укъигъэхуабэу къыпщохъу. Жэщым уэгум къитIысхьэ вагъуэ цIыкIухэм гу нэхъ ялъыботэ, уи псэр къыщигуфIыкIкIэ. Гухэлъым цIыхур зэрихъуэжыр, фIы нэхъыбэ зэрыригъэлъагъур гъэщIэгъуэну къеIуэтэф».

Замирэ лъагъуныгъэ уситI къытхуеджащ, езым гу зылъитахэм я щапхъэхэр къыхэщу: «Уэ си гъэмахуэпэм упэжыжьэщ», «Уи сурэт закъуэр къызощтэжри» жыхуиIэхэр. «Усэ куэд дыдэ сигу ирохь, гукIэ зэгъэщIэну сыхуейуэ, ауэ мы къыхэсхахэм псалъэхэм къыщытрагъэзэурэ уи гум зэрынэсымкIэ сыдахьэхащ», - жиIащ Замирэ.

«Уэ зи гугъу пщы тхэкIэ хьэлым хуэдэ зиIэр гупсысакIуэкъым, - Iэпихащ Замирэ и псалъэр Фырэ-КъанкIуэ Анфисэ. – Сэ усакIуэхэр лIэужыгъуитIу зэщхьэгъэкIуэзэдз. Зы гупыр усэ ятхыну малIэ, ауэ бзэ къулей яIукъыми, жаIэ псори блэкIа зэманым ит глаголкIэ фIэкIа къахуэгъэтэрэкъым: «хъуащ-къэхъужащ, услъэгъуащ, сыкъэкIуащ, сыкъуэжащ» жаIэу, глагол зэфэзэщкIэ мэусэ. Заремэ бзэм зэрыриджэгум ещхьу, ириджэгуфыркъым ахэр.

- А глагол рифмэхэри Iэзэу къызэгъэсэбэп щыIэщ, - идэркъым Заремэ. - Псалъэм папщIэ, КIуащ БетIал усэ куэд иIэщ, глаголыр Iэзэу къыщигъэщхьэпауэ.

- Ар хъуахэнукъым жысIэркъым сэ! - арэзыщ Анфисэ. – Ауэ абыи ухуэIэзэу, гупсыси къарур къыщIэпхыфу ущытын хуейщ. Глагол зэщIэкIэ тхэрэ усакIуэ нэмыщIысацуэ къысщохъу сэ. Тхэну, усэну хуейщ, ауэ уэ пхуэдэу гурэ псэкIэ усэу щыткъым. Адрей лIэужыгъуэм сэ сызэреджэр «ХьэIупэщ». Апхуэдэ усакIуэм бзэр егъэбзэрабзэ, ироджэгу, апщIондэху «эффект» гуэр усэм къыщIегъэувэ. ПлъапIэу иIэр зыщ: ириджэгуурэ, бзэм и дахагъэр къигъэлъэгъуэну. Заремэ а тIуми ещхькъым. Абы и усэхэр зэрыщытри? Сэ, псалъэм папщIэ, напэкIуэцIитI-щыкIэ стхыну гурыщIэр абы зы псалъэухам иригъэзэгъэнущ. Уэ ар къыбгурыIуэнурэ, уи гум щIыхьэжынурэ, уи нэпсыр къежэхыу ущысынущ. Абыи фэрыщIагъэ хэлъкъым, плъапIэ гуэр игъэуvaуэ зэрымытхэм къыхэкIыу. АпхуэдизкIэ дахэу егъэджэгу и гум илъ гурыщIэри, зэрыжыфIам ещхьу, щIыуэпсым иригъэщхь сытурэ, адыгэбзэ дахэкIэ гъэкIэщIауэ, къызэрымыкIуэ «эффект» гуэр щIэлъу мэхъу, мобыхэми мыдрейхэми ещхькъым. Абы щхьэкIэ, сэ Заремэ гупсысакIуэу, философу къысщохъу. Сызэджар мащIэу, сыщымыгъуэзэнкIи мэхъу, ауэ Заремэ хуэдэ усакIуэ урысхэми яIэу слъэгъуакъым, дэри диIэкъым. Нэхъри зиужьу щытмэ, адэкIэ къыдищIэнур сщIэркъым.

ЦIыхум дунеягъэкIэ сыт хуэдэуи ухущытынкIи хъунущ, - еух и псалъэр Анфисэ. – Ауэ абы зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъыр дэплъагъумэ, апхуэдэр езыр зыхурикъужу, цIыху балигъыу аращ. Сэ сызэреплъымкIэ, Заремэ гъащIэм хэтуи щыщытыфынущ, ауэ усакIуэу къапщтэмэ, абы бгъурызгъэувэн сэ слъагъуркъым. Ар дэнэ дежи щыжызоIэ. Заремэ и усэхэм къабзагъэ, нэху хэлъщ, пэж жызоIэ жиIэу, икIагъэм зэи Iэбэркъым.

ТекIуэжь Заретэ гу лъитащ Заремэ и усэхэм уи гукъыдэжыр къызэраIэтым, уигу хэщIу ахэр кърапщтэмэ, псэуныгу узэращIыжым. Ар къытхуеджащ «Къалэкум псейр щагъэщIэращIэ» усэр.

- Заремэ и усэхэм ятеухуауэ жысIэнуращи, образ лъэщ куэд зэрыхухуэнэфым гу лъыботэ. ЩыIэщ усакIуэ, гукъыдэж уимыIэу уеджэмэ, уи гукъыдэжыншагъэр нэхъри ягъэбагъуэ. Мыбыхэм хуабагъ яIщIыту, псысэ ущеджэкIэ дуней тельджэ узэрыхъуэхъар ещхьу, нэгъуэщI щIыпIэ укъыщызэрихар. «Жэуапыншэ лъагъуныгъэ» жыхуаIэм и гугъу пщIымэ, апхуэдэ усэхэр нэхъ гъэщIэгъуэныхэщ, - жеIэ Заретэ.

Бaгъэтыр Луизэ усэ къеджэкIэ Iэзагъ зэрыбгъэдэлъыр ди пщIэдэжьышхэм щIэрыщIэу щыдгъэунэхуащ. Ар къытхуеджащ «Згъуэтыжкъым» усэм.

- УсакIуэм и насыпщ, - жиIащ Луизэ. – Дэ дигу илъыр тхужыIэркъым, абы зыхищIэр къеIуатэф. Тхьэр абыкIэ къыхуэупсащ. Заремэ и усэхэр уи фIэщ щIэхъур, езым зэрыжилам ещхьу, и гум щыщIэр къреныфыр аращ, и гум къызэрипсэлъыкIыр къыбгурыIуэ.

Ди зэIущIэр щIэщыгъуэ дыдэ ищIащ Адыгейм къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетым и журналист Ансокъуэ Иринэ интернет IэмалкIэ къызэрытлъэIэсам, уеблэмэ Гугъут Заремэ и усэм къеджэу тхуригъэтхыу, къызэрытхуигъэхьам. Езыр зэрыпсалъэр кIахэ къудамэм и бзэр арауэ зэрыщытым щхьэкIэ къэмынэу, Иринэ «Дунейр си пащхьэм щоуназэ» усэм дахащэу къытхуеджащ. Абы дигу къигъэкIаращи, Гугъуэт Заремэ и усэхэр кIахэ бзэ къудамэм изыгъэзэгъэн къыкъуэкIамэ, ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэж хъунут.

- ГурыщIэ къэгъэлъэгъуэнкIэ къызэрымыкIуэ Iэзагъ бгъэдэлъщ Заремэ, - жиIащ Иринэ. – УсакIуэу къызэригъэщIар нэрылъагъущ и дуней зыхэщIэкIэмкIи, и гухэлъ къэIуэтэкIэмкIи.

Зэхихахэр къызэщIикъуэжу, Зареми усэхэр езыгъэтх щытыкIэмрэ ахэр гъащIэм зэрыпыщIа лъэныкъуэхэмрэ я гугъу къытхуищIащ:

- Тхэн зэрыщIэздзэрэ, «уи усэхэр нэщхъейщ, зэ угуфIэу утлъэгъуарэт» къызжаIэ. «СыщыгуфIэм деж, усэ стхын хуей хъуркъым», - яжызоIэж сэри.

Иджыри къэс усакIуэ къалэн зыщысщIыжыртэкъым, си щхьэ Iуэху зесхуэу, спкърыузыкI гуэр кърисIуэтэн папщIэт усэр щIэстхыр. Абы къыхэкIыу, усэм и хабзэ гуэрхэри щызмыгъэзащIи къохъу. Сэ езым си псэр згъэтыншу арат. Зыгуэр къызоныкъуэкъури, ар згъэупщIыIун щхьэкIэ сотхэ, зыхужысIэжырт. Ауэ иджы цIыхухэр къыщеджэкIэ, «уэ уусакIуэщ, мыбдеж щыптхар къыдгурыIуэн хуейщ» щыжаIэкIэ, абыи зы къалэн гуэр къыпщещIри, егупсысын хуей къыщIэкIынщ.

Сэ сфIэфIу схэлъ хьэлхэм ящыщщ критикэр сигу зэрытехуэр. ПщIэшхуэ зыхуэсщI Бещтокъуэ Хьэбас къысхуэзэри: «Критикэ уи гум щIэхуэу гу лъыстащи, уи усэхэм седжэнт», - къызжиIати, сIэщIэхужри, зэмани дэкIат. АрщхьэкIэ езыр ди лъахэхутэ къудамэм кIуэщ, си усэхэр абы къыщигъуэтри, еджащ. Ар пщIэшхуэт си дежкIэ, Бещтокъуэ Хьэбас стхам фIэгъэщIэгъэну зэрытепсэлъыхьыр. Езыр си жагъуэ ищI и гугъэурэ гузавэрт, сэ си гущхьи къэкIыртэкъым. ФIыгъуэр къыхуищIэ, фIы дыдэу схузэпкърихащ.

Заремэ жэуап къритащ и тхэкIэм теухуауэ дызыщIэупщIахэми.

- Усэр гурыIуэгъуэу щытын зэрыхуейм теухуауэ сызэгупсысыр жысIэнщ. Сэ сфIэфIщ усэм къеджэ цIыхум езым зыхуей мыхьэнэ усэм къыхигъуатэу щыщытым деж. Зыр зым иригъэгупсысу, адрейм нэгъуэщI зыгуэр игу къигъэкIыу. ЗэрыжаIэу, «интрига» хуэдэу хъууэ, езыхэм пащэжыну хуиту. АрщхьэкIэ цIыху зыбжанэм «уи усэхэр зэIуха хуэдэу къонэ, бгъэбыдэжыркъым» къызжаIэри, ари сызэгупсын хуейхэм яхэзгъэхьащ.

«Авторым фемыгупсу, езы тхыгъэм фыкъеджэ», - жысIэу щытащ нэхъапэм. «Сыт уэркIэ усэр?» - щыжаIэм деж, «си хуитыныгъэщ» яжызоIэ. Абдеж зыращ сэ сыпсэлъэну хуитыныгъэ щызиIэри, ари и кIэм нэс къысхуэгъэсэбэпыркъым. СыкъэувыIэжын хуей мэхъу, зыгуэр къызэреджэнум щхьэкIэ. Си гурыфIыгъуэри, си мыгъуагъэри спкъроузыкI усэр стхыхукIэ. Тхын зэрыбухыу, уи гур мэпсэхужри, дакъикъэ ипэкIэ зыхэпщIа гугъуехым гурыфIыгъуэ къыхыбох. Зыри къэхъуни хуэмейуэ, ауэ зыгуэрым сыпэплъэ хуэдэу къыщIедзэ, усэр къыщыкIуэкIэ. Ар и кIэм зэрынэсу, а щытыкIэр мэкIуэдыж, зыри къоузыжыркъым.

Къэпсэлъахэм жаIахэр зэкIэлъыхьауэ ттхыжа щхьэкIэ, къызэрывгурыIуащи, псалъэр щызэпыдуди, адыгэ литературэр ефIэкIуэн папщIэ пщIэ хъунухэми, усакIуэ щхьэхуэхэм я тхэкIэ-щыIэкIэми «дрихьэжьэурэ» дытепсэлъыхьащ.

Заремэ и усэхэм сэ сызрагъэгупсысхэр ди газетым тета тхыгъэм къыщысIуэтакIэщ, ауэ схужымыIахэр мы зэIущIэр щедгъэкIуэкIыну ди гугъа гъатхэм зэрымыщIэкIэ усэу хэуващ. АбыкIэ зэхуэтщIыжынщ ди лэжьэгъу зэчиифIэр фIыуэ зэрытлъагъур, дахагъэ хэIэтыкIа куэдкIэ дызэрыщыгугъыр щIагъыбзэу зыщIэлъа ди шеибжьэ уэршэрым и хъыбарыр.

Зигу зэрыгъуэтыжа

Гугъуэт Заремэ деж

Гъатхэр анэш пщIантIэжьым изогъэщхь -
Уи жагъуэ зэи зымыщIыфыну дыгъэр
ГугъэщIэкIэ уи нэкIум къопэщэщ,
И тыгъэхэм пхъуантэмэ къакIэрихыу.

Жьы хъуащ дунейр. КIэрахъуэурэ еша
ЩIы щхъуэкIэплъыкIэр бысым
Iущ зыхуэхъухэм
Зы упщIэм и жэуапкъэ къетхуэкIар:
Насыпыр сыт тфIэфI защIэм
щIемызэгъыр?

Псэ зэрысIутым къыстрилъхьэр сыт?
Бэлыхь? Къалэн? Сэ къыхэсха
цIыху дапщэ
Си гъуэгум къытехьэну и щхьэ хуит?
Зыгуэр зэрытекIыжыр хэт зи лажьэр?

Щхьэж и жэуапыр езым и хъыбарщ.
Сысейр ууейм зэрытемыхуэм щхьэкIэ,
Щхьэ зым адрейр гъуэщауэ дгъэува?
Мыр - лъабжьэщ, мор - къудамэщ,
хэти - щхьэкIэщ.

Гудзакъэ зиIэм ищIэкъым хьэзаб,
Псэр зыгъэсэхъум зыми
хуищIкъым фIыщIэ.
Ухыгъэр зи фэм дэхуэу хахуэ хъуар,
Тхьэм жиIэмэ,
хабжэнукъым дзыхьмыщIхэм.

Уи дамэр Iэт! НэхъыфIыр къыппэщылъщ.
Узыпсыхьа дыжьыныр тхыдэм хэпхъи,
Нобэрей дыщэр гущIэм щыгъэпщIыпщI,
ЗэгъащIэ: мынэхъыфIу зыри къэхъукъым.

Уи псалъэхэдэм мыщIэ къыхэпхар
Псэ ущхъуэнтIам еIэзэ хущхъуэ гуакIуэщ.
Ар фIылъагъу куум къызэрыхуигъэщIар
ЯщумыгъэгъупщэхукIэ, уусакIуэщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Дащыгугъыжыртэкъым

• Футбол

«Спартак-Налшык» - «Легион» - 4:0 (0:2). Налшык, «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 11-м. ЦIыху 280-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Шипков (Белореченск), Ежак (Сочэ), Соколов (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Балъкъыз Р., Жабоев, КIэдыкIуей, Пириев, Блий, ХьэцIыкIу (Дзыгъул, 77), Пекъу (Бэлэтокъуэ, 84), Сарбашев (Кенжев, 77), Лысенкэ (Шэрджэс, 84), Хьэшыр (ЛIуп, 66).

«Легион»: Давудов, Гасанов, Гуров (Алим, 46), Еремин, Ипаев (Магомедов А.,77), Перелетов, Гамзатов (Пиримагомедов, 77), Матвиенкэ, Токаев, Ибрагимов М., Курбаналиев.

Топхэр дагъэкIащ: Лысенкэ, 35 (1:0), Лысенкэ, 43 (пенальти, 2:0), ЛIуп, 72 (3:0), ЛIуп, 83 (4:0).

Дагъуэ хуащIащ: Гуровым, Перелетовым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хыхьэ 4-нэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» кърищэблэгъащ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р.

Мы гъэм и гъатхэпэ лъандэрэ налшыкдэсхэр я губгъуэм зэрыщытемыкIуар къэбгъэлъагъуэмэ, Iуэхум нэхъыфIкIэ зихъуэжын гугъэхэр ноби щыIэтэкъым. Уеблэмэ иужьрей зэIущIитхум хьэщIэхэм зэкIэлъыпыту дыкъызэрыхагъэщIар, абы щыщу щым ди унэ дыщыджэгуу, къэплъытэмэ, хэплъэгъуэ хъурт.

АрщхьэкIэ, апхуэдэу жытIэ щхьэкIи, зыри хуэмеижу къэтлъытэ ди «Спартак»-м нэхърэ «Легион»-м и Iуэхур нэхъ хьэлъэжт. Мыгъэрей чемпионатыр щэкIуэгъуэм и кIэм зэрынэсу, а командэм и топджэгухэр зэбграгъэкIыжынурэ, ахъшэ зэрамыIэм къыхэкIыу, Новгород Ищхъэрэ къалэм клубыр Iэпхъуэнущ. Ар къищэхуащ Краснодар къалэм и «Краснодар» командэм, РПЛ-м щыджэгум и унафэщI Галицкий Сергей, илъэс зыбжанэ дэкIмэ УФ-м и Премьер-лигэм къыхишэн мурадкIэ.

Мыдрейуэ, иджыри зэ къыхэдгъэщынщи, иужьрей мазэхэм «Легион»-м хэтхэр нэхъыбэм улахуэ ирамыту ягъэджэгуащ, зэрагъашхэмрэ хьэщIэщым зэрыщIэсхэмрэ щхьэкIэ пщIэ ирамыгъэт къудейуэ. Апхуэдэ Iуэху къекIуэкIыкIэм ахэр арэзы къызэримыщIыр, дауи, гурыIуэгъуэт. Абы къыхэкIыуи, жыпIэ хъунут, Мэхъэчкъалэ и командэр топджэгу губгъуэм нобэ къимыхьауэ: ущыуэнутэкъым. Къихьауэ щытми, япэрей «Легион»-м и ныбжьым фIэкIа абы щытлъэгъуакъым.

ЗэIущIэм щIидзэу и кIэм нэсыху топджэгу губгъуэм къыщызыжыхьар «Спартак»-м и командэрщ. Ипэ дакъикъэхэм гъуэр къахуэщтэну щытащ ди щIалэхэм: япэщIыкIэ Балъкъыз Ренат кърита топым Лысенкэ Сосльэн штрафноим имыхьэу хьэщIэхэм я гъуэм еуащ гъуащхьэтетым къыпекIуэкIыу, ауэ гъуэм дыхьакъым. ИужькIэ, кIэщI дыдэу, ХьэцIыкIу Амур угловойм щыту къыхита топым щхьэкIэ еуащ Блий Елдар. Мыбдежым гъуащхьэтым абы кърихьэгъэзащ.

«Спартак»-р хьэщIэхэм лъэщу зэребгъэрыкIуэм хэплъагъуэрт гува-щIэхами абыхэм я гъуэр абы къызэрищтэнур. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и 33-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арат, штрафной ихьэпIэм деж ХьэцIыкIум топыр Лысенкэ IэкIуэлъакIуэу щритам. Ди гъуащхьауэм къыхуэнэжыр ар къигъэсэбэпын хуейуэ арати – хузэфIэкIащ. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу Сосльэн етIуанэу къыхэжаныкIащ. Мыбдежым, ди командэм и капитан Хьэшыр Алан «Легион»-м и штрафноим иту зэуа топыр хьэщIэхэм я топджэгум и Iэм техуащ. Судьяр лейуэ мыгупсысэу пенальти занщIэу къыдитащ: Лысенкэ блэукIакъым.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэри япэм хуэдэу екIуэкIащ: налшыкдэсхэр ебгъэрыкIуэ зэпытт, «Легион»-м и топджэгухэм я щхьэр щIрагъэхьэрт икIи 66-нэ дакъикъэр екIуэкIыу, бжыгъэр нэхъри игъэбэгъуащ ЛIуп Ислъам. Абы ипэкIэ, Хьэшыр Алан ихъуэжри, губгъуэм къихьауэ арат ар. Топджэгу губгъуэм и кум иту ди гъуащхьауэм кърата топыр ирихьэжьэри, зыри къылъэщIэмыхьэу Давудов Ахьмэд и гъуэм и закъуэ телъэдащ, гугъуи демыхьу къигъэпцIащ.

ЕплIанэ топри хьэщIэхэм яхудэзыгъэкIар ЛIупырщ. СэмэгурабгъумкIэ губгъуэм къежэкIа Лысенкэ Сосльэн топыр штрафноим къыхитащ, адэкIэ, абы зыри лъимыгъэIэсу, Ислъам гъуэм ар дигъэкIащ. ЗэIущIэр и кIэм нэсыным къэнэжа щымыIэу ЛIупыр ещанэу къыхэжаныкIыфыну щытащ, ауэ ар зэуа топыр зы мэскъалкIэ гъуэм блэлъэтащ.

Куэд щIауэ текIуэныгъэм щIэхъуэпса ди «Спартак»-м а махуэм ар къехъулIащ. Иджы тхыдэм ар къыхэнэнущ командитIым я иужьрей дыдэ зэIущIэу. Мыдрейуэ, апхуэдэу жытIэ щхьэкIэ, Мэхъэчкъалэ и командэм IэмалыфI зыбжанэ иIащ ди гъуэр къищтэну: зэм абыхэм я гъуащхьауэ Ибрагимов Магомед лъэщу зэуа топыр ди гъуэм блэлъэтащ, етIуанэм - Курбаналиев Абдурэхьмэн метр зыбжанэкIэ ди гъуэм пэгъунэгъуу щыту щхьэкIэ зэуа топыр Къумыкъу Аслъэнбэч къиубыдащ.

Къыхэдгъэщынщи, «Легион»-м и тренер нэхъыщхьэу щытар ди «Спартак-Налшыкыр» Премьер-лигэм щы щыджэгуам щыгъуэ ди командэм хэта куржы щIалэ Гвазавэ Леванищ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм жэпуэгъуэм и 11 - 12-хэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: «Сочи-2» - **«Рубин» - 1:2**, **«Дружба» - «Астрахань» - 1:0**, **«Динамо-Ставрополь» - «Победа» - 3:0**, **«Кубань Холдинг» - «Севастополь» - 0:0**, **«Динамо-2» - «Ангушт» – 1:1**, **«Нарт» - «Ростов-2» - 3:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм жэпуэгъуэм и 18-м «Спартак-Налшыкыр» щыхьэщIэнущ Назран и «Ангушт» командэм деж.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. КIэух Iыхьэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
«А» гупым						
1. «Динамо-Ставрополь»	**30**	**17**	**8**	**5**	**44-27**	**59**
2. «Севастополь»	30	16	10	4	47-32	58
3. «Кубань Холдинг»	30	14	12	4	49-25	54
4. «Нарт»	30	15	6	9	44-26	51
5. «Победа»	30	16	3	11	37-33	51
6. «Ростов-2»	30	13	6	11	40-30	45
«Б» гупым						
7. «Астрахань»	30	12	10	8	38-26	46
8. «Дружба»	30	12	8	10	43-28	44
9. «Сочи-2»	30	11	9	10	42-34	42
10. «Рубин»	30	11	7	12	32-46	40
11. «Ангушт»	30	7	9	14	26-34	30
12. «Легион»	30	7	9	14	30-54	30
13. «Спартак-Налшык»	**30**	**5**	**6**	**19**	**24-50**	**21**
14. «Динамо-2»	**30**	**0**	**5**	**25**	**18-79**	**5**

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

KIуэ пэтми IэмалыщIэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу поштым) и лъабжьэм деж уи цIэ унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Элла** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIыхэр редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.289
Заказыр № 2211
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**. *Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.